ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЫДОКІ

№204 (22.862) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Къэпсалъэр КИФЩІ-м и тхьэмадэ Меликов Сергейщ.

КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Іэтащхьэу хахащ

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр дыгъуасэ республикэм и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ. Абы щыхэплъащ КъБР-м и Іэтащхьэр КъБР-м и Парламентым и депутатхэм хахыным и Іуэхум. ЗэІущІэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Меликов Сергей, УФ-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакІуэхэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, КъБР-м и Конституцэ, Арбитраж судхэм, Суд Нэхъыщхьэм, Жылагъуэ палатэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я гъэпсыкІэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьанысгъэхэм, партхэм я лЫкІуэхэр.

ЗЭІУЩІЭР зэрекІуэкІыну жыпхъэмрэ регламентымрэ депутатхэм Іэлэткіэ кьызэдащта нэужь, КъБР-м и Парламентым и спикер Егоровэ Татьянэ псалъэ иритащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ **Меликов Сергей**.

УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, Путин Владимир КъБР-м и Іэтащхьэ къулыкъым пэрыувэну нэхъ зыхуэфащэу кьиргъэлъагъуэ кандидатурэхэм я цІэхэр - КъБР-м и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ Марьяш Иринэ, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Мусуков Алий - КъБР-м и Парламентым кьыщриІуащ Меликовым. Хабзэм ипкъ иткІэ, кандидатхэр дзэкІэхэр 20-кІэ къэпсэлъэну хуит яІцІри, япэу псалъэ иратащ КІуэкІуэ Юрий.

И кандидатурэр кьызэриІэтъэгъуам папщІэ УФ-м и Президент Путин Владимир фЫщІэ хуищІащ КІуэкІуэ Юрий икІи депутатхэм кьыдаІыгъмэ, лъэкІ кьимыгъанэу республикэм зэрыхуэлажьэнур жиІащ. *(КІуэкІуэ Юрий жиІар щхьэхуэу тыдодзэ).*

Депутатхэу Шаваев Ильясрэ Бгъэжьнокъуэ Зуриятрэ производствэр къэгъэщІэрэщІэжьиным, щэнхабзэ ynэтІныныгъэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэщыным теухуауэ зыщІэупщІахэм зэхэхауэ жэуап яритащ КІуэкІуэм.

Марьяш Иринэ и къэпсэлъэныгъэр зытеухуауэ щытар республикэм щызэфІэува социальнэ политикмрэ ар зэрегъэфІэкІуа-пхъэу кьиІытэ Іэмалхэмрэщ. ЦІыхубэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэным, псом хуэмыдау пенсионерхэм, адэанэхэм я нэІэ щІэмыгъэ сабийхэмрэ зеиншэхэмрэ гулъытэ зэрахуэщІыпхъэр жиІащ. Абы папщІэ къэрал-уней зэдзэлэжьныгъэм зэрызегъэубгъун хуейр кьихигъэщащ Марьяш. КьищынэмыщІауэ, узынщагъэр хъумэн Іэнатіэр мардэщІэм изагъэу, ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм зыхуэныкъуэ хущхьуэхэр нэхъ тыншу кьаІэрыхьэу зэрызэтеублатхэр дыщІигъуащ.

Мусуков Алий тепсэлъыхьащ республикэм и зыужьныгъэр зыхилъагъуэ ynэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм. Ижьрей илъэсхэм республикэм зыІэригъэхьа екъуІэныгъэхэм къадэкІуэу, дызыхуэкІуа илъэси 5-м лэжьыгъэр нэхъ зытрагъэщІапхъэхэр иубзыхуащ Мусуковым, а псоми социально-экономикэ зыужьыныгъэр я лъабжьэу зэрыщытыр кьыхигъэщащ.

Къэпсэлъахэм депутатхэм я упщІэхэм жэуап ирата нэужь, Егоровэ Татьянэ жиІащ КъБР-м и Парламентым и фракцэхэм я Іэхэу елпыкІэхэр къаГъэлъэгъуэну зэрыхуитыр.

Япэу псалъэ иратащ «Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м и Парламентым щиІэ фракцэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**. Абы кьыхигъэщащ УФ-м и Администрацэм КъБР-м и Парламентым хэт фракцэхэм я нэхъыщхьэхэри щІэсу зэІущІэ зэрыщекІуэкІар, УФ-м и Къэрал Думэм щыІэ фракцэхэм я Іэтащхьэху Неверов Сергей, Меликов Владимир, Жириновский Владимир сымэ, нэгъуэщІхэри кьызэрыщыпсэльар. Бердым жиІащ абыхэми КІуэкІуэ Юрий и кандидатурэр зэрядаІыгъыр, ар федеральнэ къулыкъущІапІэхэм жэуапльыгъэшхуэ пЫлъу зэрыщыщІэкъар, езыр щыху нэсу зэрыщытыр кьызэрыхагъащІар. «Абы ипкъ иткІэ, дэри дызэчэнджэщри, унафэ хэзтщІащ КІуэкІуэ Юрий и кандидатурэр дэтІыгъыну. Ди фракцэм хэтхэм кьабгъэдэкІыу фэри фыкьыхуэзоджэ КІуэкІуэм щхьэкІэ Іэ фІэтыну», - дыщІигъуащ Берд Хьэзрэталий.

КПРФ, «Захуагъэм тет Урысей», «ЩхьэнтІэхэр», ЛДПР партхэм я фракцэхэм я унафэщІхэу **Мэремыкъуэ Арсен** жиІащ хабзэм ипкъ иткІэ, Іэлтыр щхуху зэрелкІынур, абы папщІэ зыхуеину псори кьызэрызэрагъэпэщащ. ЗэІущІэр дакьикъэ 20-кІэ зэпагъэури, депутатхэм хэхыныгъэр ирагъэкІуэкІащ. Къэзыгъэ комиссэм бюллетенхэр ибжьыжа нэужь, Мэремыкъуэ Арсен къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиІащ КІуэкІуэ Юрий и кандидатурэр депутат 70-м зэрыдаІыгъар, Марьяш Иринэрэ Мусуков Алийрэ щхьэкІэ зыми Іэ зэримыІэтар.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ екъуэхьуащ КъБР-м и Іэтащхьэу хаха КІуэкІуэ Юрий икІи зыхуигъэувыжа къалэнхэр тыншу зригъэхьуІэну, республикэм и зыужьныгъэм къудрэ хуэлажьэну зэригуапэр жиІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий фЫщІэ яхуищІащ УФ-м и Президент Путин Владимир, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Меликов Сергей, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, республикэм и Цыхубэм. «Кьызагъэзэ дзыхьым сыхуэпэжьыну, республикэм и цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, ди лъахэм зегъэужьыным гурэ псэкІэ сыхуэлажьэну фыкьыІэзоГъэгуГъэ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

ЭЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КІуэкІуэ Юрий и къулыкъум пэроувэ

Къэрал хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткІэ, КъБР-м и Іэтащхьэу хаха КІуэкІуэ Юрий и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа дауэдапщэр КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ. Абы къыритхьэлІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Меликов Сергей, УФ-м и Президентым и Администрацэм, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкІуэхэр, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым, Къэрал Думэм кьыкІахэр, КъБР-м и Конституцэ, Арбитраж судхэм, Суд Нэхъыщхьэм я унафэщІхэр, ди Парламентым и депутатхэр, министрхэр, нэгъуэщІ кьулыкъущІэхэр. Апхуэдэуи зэІущІэм хэтащ Абхъаз, Осетие Ипщэ, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Дагыстэн, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь крайм я Іэтащхьэхэмрэ лЫщхьэхэмрэ, Москва кьикІа хьэщІэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм утыкум кьрагъэблэгъащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Конституцэ судым и унафэщІ **Геляхов Абдулыхь**, КъБР-м и ХэжакІуэ комиссэм и Іэтащхьэ **Джэш Вячеслав** сымэ. КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ къеджащ КъБР-м и Іэтащхьэр зэрыхахам теухуауэ КъБР-м и Парламентым жэпуэгъуэм и 9-м кьыдигъэкІа унафэм. КъБР-м и Конституцэ судым и унафэщІ Геляхов Абдулыхь республикэм и Іэтащхьэу хахам, хабзэм кьызэригъэувым ипкъ иткІэ, тхьэрыІуэ ищІын зэрыхуейр жиІэри, КІуэкІуэ Юрий псалъэ иритащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм тхьэ иІуащ зыпэрагъэува ІэнатІэм пэрытыху цІыхум и хуитыныгъэр зэрихъумэнымкІэ, УФ-м, КъБР-м я Конституцэхэм кьагъэувкэр зэригъэзэщІэнымкІэ, республикэм и хэрадыгъэр зэрихъумэнымкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм пэжу зэрахуэлэжьэнымкІэ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ **Меликов Сергей** псалъэ щратым, ар гуапэу екъуэхьуащ къызэхуэса псоми.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дежкІи Кавказ ИщхьэрэмкІи мыхьэнэшхуэ зиІэ маухуэщ нобэ, - жиІащ Меликовым. - Нобэ щыщІэдзауэ республикэр псэукІэщІэм тохьэ, напэкІуэцІыщІэ къызэІуех. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэр иубзыхуащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Уэри, Юрий Александр и къуэ, уи гъусэу лэжьэну гупми лэжьыгъэшхуэ кьыфпэщылъщ, а псори Іыхьэ-Іыхьэу фубзыхуу, феужьэрэкІыу иужь фихьэн хуейщ. Иужьрей илъэсхэм республикэм щызэфІэува псэукІэр егъэфІакІуэу, гъащІэм и лъэныкъуэ псомкІи зебгъэуэжьу улэжьану дыпщогугъ. Ахэр псори зябгъэхъуІэфынущ, цІыхубэр властым и телъхъэ пщІыфмэ, я дзыхь кьыварагъэу фадэлажьэмэ. Республикэм щытыкІэр гугъу щызыщІ, абы и псэукІэр зэІызыгъэхьэну хуей щІэпхъаджащІэхэм ящыщу кьэнэжахэр гъэкІуэдыщІ Іэмал зимыІэщ. Уи щІэ кьыдэхуа кьалэнхэр кьызэрыгуэкІыу жьпІэ хъунукъым, уэри кьыхэбгъэщащ ар. Ауэ республикэм и цІыхухэм кьызэранэкІыфащ щытыкІэ гугъу уэрал, дяпэкІи уэ урапашэу гъуэту бгъуфІэ зэрыхэфшынур си фІэщ мэхъу. Сыт щыгъуи фи щІыбагъ дыкьызэрыдэтыр, сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуэгъу дызэрыхъунур зыщывмыгъэгъупщэ. Къару мыкІуэщІ кьыпкъуэкІыну, тегушхуэныгъэ, екъуІэныгъэ куэду уиІэну сынохъуэхъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Ди мурадыр республикэм исхэм ефІэкІуэныгъэрэ зыужьныгъэрэ яІэнырщ

КІуэкІуэ Юрий Александр и къуэм и программэ къэпсэлъэныгъэр

ПщІэ зыхуэсщІ Сергей Алим и къуэ!
Парламентым и депутатхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!
ПщІэ зыхуэсщІ си лэжьэныгъэ!

Псом япэу сэ сигуми си псэми кьабгъэдэкІыу Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьулыкъум сагъэувын папщІэ си кандидатурэр кьызэригъэлъэгъуам кьыхэкІыу фЫщІэ хуэсщІыну икІи, Парламентым и депутатхэм си кандидатурэр даІыгъмэ, апхуэдэ дзыхь лъапІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэкэр кьызэрысщыгугъыр зэгъэпэжьын, республикэм кьыпщыкІа кьалэнхэр дэзгъэкІын папщІэ кьарууи щІэныгъэуи сиІэр зэресхьэлІэнымкІэ згъэгугъэну сыхуейщ. Псоми зэрыщыщІи, си гугъу щІы кьалэнхэр тыншкъым.

Иужьрей илъэсхэм ди дежи щытыкІэ хьэлъэ щызэтеуащ. Федеральнэ Іэнатіэхэм ирагъэкІуэн я кьэпщыгъэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, социально-экономикэ зыужьныгъэм и курыт индексымкІэ 2013 гъэм республикэм 82-нэ ывыпІэ иІыгъ ыуІыгъкІащ. Іуэхур лъэныкъуэ кьэдкІэ нэхъ икІэ хъуащ, абыхэм капитал нэхъыщхьэм халъхьэ индексыр зыхуэдизыр, промышленностым и продукцэр, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр, бюджет зэгуэтым зэщІагъэуІуэ налогхэмрэ ящымыщ ахъшэхэмрэ яхэту.

Мис а псоми кьыхэкІыу да тедухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкІэ ynэтІныныгъэщІэ кьыхэтхыну. Абы и пІалъэжьу щытым хуейщ республикэр урысей экономикэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм, апхуэдэу кьэралым и унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ реформэхэм нэхъ кууэ хэтынкр.

Мис апхуэдэ ynэтІныныгъэм хиубыдэу да **илъэситу благъэм кьриубыдэу япэ игъэщыпхъэу щыт Іуэхуэм я план зэхэтІыкъыр икІи абы Іэмал кьытынущ экономикэм зэрызыужь псынщІагъым хэгъэхъэныкмкІэ. А лъэхъэнэм кьриубыдэу валовэ щІынапІэ продуктыр хуэди 2,3-кІэ, промышленностым и продукцэр хуэди 3-кІэ, мэкъумэщ хозяйствэм и продукцэр хуэди 2-кІэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр хуэди 3,7-кІэ, розницэ сатур хуэди 2,2-кІэ нэхъыбэ хъун хуейщ. А мурадхэр кьыдэхъуІэн папщІэ капитал нэхъыщхьэм кьыхуэзэщІэдгъэуІуэ инвестицэхэр хуэди 2,8-кІэ нэхъыбэ дымыщІу хъунукъым.**

Иужьпэ промышленнэ комплексым зэрызыужьыну программэр зэхалъхьэн ипкъ икІи абы ипкъ иткІэ промышленностым и продукцэр нэрыльагъуу нэхъыбэ зыщІын, лэжьапІэ Іэнатіэщіу минхэр кьызэзыгъэпэщын инвестицэ проект ин зыбжанэ илъэс благъэхэм кьриубыдэу ягъэзэщІэнуц.

Гулъытэ хэха хуащІынущ Тыркуиязэ вольфрам-молибден комбинатыр кьызэрыужьыным. Ди дежкІэ мыхьэнэ нэхъыщхьэ дыдэ зиІэ а Іуэхур Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. кьыддиІыгъащ. Властым и федеральнэ органхэм зыхуэфащэ кьалэнхэр хуагъэуващ. Иджы а Іуэхур Іэнатіэ псоми щыпхырыкІынным ерыщу елэжьын хуейщ.

Иджыпсту «Тэрчалмаз» предприятэм зегъэужьныныр абы кьыщІигъкІэ продукцэ ІэужьыкІэгъэхэр зэпкърах. Ахэр гъэзэщІа хъумэ, кьэралым геологие зэхэутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІэхэм, кьуршхэм хъугъуэфІыгъуэхэр кьыщІэзыхьхэм папщІэ нэгъуэщІ кьэралхэм кьыщищІауэ Іэмэпсымэхэр нэхъ мащІэ хъунущ. Мурад инхэр диІзщ икІи проект пыухыкІахэр зэхэтпхьащ нэгъуэщІ промышленнэ предприятэ зыбжанэми ехьэпІауэ.

ЗыужьныныгъэщІэ игъуэтынущ ухуэныгъэм ирахьэлІэ матеріалхэр кьыщІэзыгъэкІ промышленностым. Абы папщІэ республикэр сырыкІэ кьулейщ. Иджыпсту а Іэнатіэм хиубыдэ предприятэхэм я зэфІэкІыбэ нэгъэсауэ кьэгъэсэбэпа хъуркъым, продукцэ щэнымкІэ закъэхэр зэрамыІэм кьыхэкІыу. Аращ ухуэныгъэу, псом хуэмыдау псэупІэ уну ди щІыналъэм щагъэхьэзыр материалхэр кьагъэсэбэпурэ яухуэхэр нэхъыбэ ящІыну щІытраухуар. ХьэблэщІэхэр зэраубзыхуэм кьыдэкІуэу, псэупІэ унэу яухуэхэм я бжыгъэмэ хэгъэхъуэным зэрыщыту экономикэм зригъэужьынущ, абы кьыдэкІуэу, нэхъыщхьэр арщи, псэупІэ езэгъэбгъуэхмкІэ республикэм исхэр кьызэрагъэпэщынущ.

Ди цІыхухэр псэупІэкІэ кьызэрызэгъэпэщар ику иту къэралым ехьэлІа бжыгъэхэм пЫщІэдгъэхьэн хуейщ. Ар псом япэу кьызэзыгъэпэщынур псэупІэ мылъапІэу ящІхэм хэгъэхъуэныгъ, псэупІэхэр ухуэнымкІэ кооперацэм, цІыху гуп щхьэхуэхэм папщІэ льготэ зиІэ ипотекэхэр зэратым зегъэужьынырщ. Урысейм и Президентым кьалэн кьэзэрытщІам тету, зэман кІэщІым кьриубыдэу да зэфІэдгъэкІын хуейщ унэ кхъахэхэм щыпсэуэхэр гъэІэпхъэнымкІэ кьытпэщыт Іуэхуэхэр.

ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъуэх!

Илъэс куэд льандэрэ псалъэ хэлэтыкІахэр ягъэІу мэкъумэш хозяйствэр Іэнатіэ нэхъыщхьэу зэрыщытым теуухуауэ. **Сэ кьызолъытэ апхуэдэ псалъэ дахэхэм кьапыкІыу мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іэнатіэм ипэмыпІэкІэ зегъэужьыным зеттыпхъэу. Абы папщІэ 2015 гъэр ди дежкІэ мэкъумэш хозяйствэм и илъэсу дгъэувыну кьыхыхьолъхьэ. Дэ нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпыпхъэщ нэгъуэщІ къэралхэм кьраш продукцэр зэрагъэмащІэм кьыхэхьІу мэкъумэшхэкІ пІуэжьыныгъэ псори нэхъыбэ щІыныкІэ кьыкъуэкІа Іэмалхэр.**

ЩІэгъэхуэбжьауэ зегъэужьын хуейщ фейдэмэш кьыызыпыкІ Іэнатіэхэм, псом япэу - жьызмыр, пхъащхьэмышщхэр, хадзэкІхэр гъэкІыным. Гулъытэ хэха хуэтщІынущ бгыпІэ щІыпІэхэм зегъэужьыным икІи кьуащхьэхьр, адрей гъэмахуэ хъупІэхэр зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпа хьумэ, ІэщхьэкІыу кьалэжьым нэрылъагъуу хэхъуэнущ.

Кьагъэсэбэпыну сырьер нэхъыбэ зэрыхъунм кьыхэкІыу ерыскъыпхъэу кьалэжьым хэхъуэнущ, мэкъумэш продукцэм елэжь промышленностым зиужьынущ.

Мис апхуэдэ мурадхэр, агропромышленнэ комплексым хиубыдэу зыхуэдгъэувыжа кьалэнхэр гъэзэщІа хъун папщІэ мы Іэнатіэм и зэхэлъыкІэр зэхъужьыпхъэу, Дунейпсо сату зэгучэныгъэм кьиргъэувэр кьэлъытауэ иджыпрей технологиехэр кьагъэсэбэпныныкІэ Іэмалхэр кьызэгъэпэщын икІи мэкъумэш хозяйствэм ират къэрал дэІэпыкъуэгъэм хэгъэхъуэн хуейуэ кьызолъытэ. Сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуэн хуейщ Іэнатіэ мыинхэм - мэкъумэшышІэ-фермер хозяйствэхэм, уней лъапсэхэм щыІэ хозяйствэхэм. А псоми ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Аксёнов Сергей нэхъ къащтэ

Кърым Республикэм и Іэтащхьэу хахащ Аксёнов Сергей.

Ар Кърымым и Парламентым и депутату, Правительствэм и унафэщІу щытащ, мы гъэм и мэлыжьхьыным и 14-м кьыщыщІэдзауэ а щыналъэм и губернаторым и унафэщІым и кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну абы и пщэ далъхьауэ щытащ. Республикэм и Къэрал советым и депутат 75-ми дыгуасэ зэдзэрэзыуэ абы Іэ уяІэтри, а кьулыкъым ягъэуваща.

НОБЭ

♦Психикэ узынщагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Илэжьа щІэпхъаджагъэм папщІэ щІыхум и судыр укІкІэ ящІэу мыдэным и дунейпсо махуэщ
♦1964 гъэм Токио кьыщызэуахащ XVIII Олимп Джэгуэхэр. Ар Азие щыналъэм щыгъэкІуэкІа апэ Олимпиадэт.
♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Щомахуэ Амырзэ** кьызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Іуныдж Іустырхъан** кьызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІуантІэ Іэзид** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Елгъэр Кашиф** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжьмелет** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ, КъБР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист **Дзбагъуэ Мухьэмэд** кьызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Уэрэдыс, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, педагогическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн ФатІимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жьым къихьыр псым ехьыж.

«ГъащІэр ажалым пэлъэщыркъым»

● Гу зылъытапхъэ

Апхуэдэ псалъэщхьэ иІэу нобэрей ди газетым тетщ адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа балеринэ, суРэтыщІ, скульптор, тхакІуэ, актрисэ гъуэзэджэ, зи зэфІэкІхэмкІэ зи цІэр къэрал куэдым щыІуа Черинэ Людмилэ (Щамырзэ Моникэ) теухуа тхыгъэ.

Ди хэкуэгъу цІыхубэ зэчиифІэм теухуа хьэбарыр зэкъуэ япэу къэзыхьари абы тетхьыхьари Хьэфіыщ Мухьэмэдщ. 1969 гъэм Ливаным щыІэу Черинэм и гуГу абы кьыхуищІат, дэфтэрэкри кьиратат Хьэбжокъуэ Шаукэт ипхъу Лаурэ, балетым хуабжьу дихьэх пщащэ цІыкІум. ИужькІи, 1985 гъэм Париж кІуаэу, Мухьэмэд къигъэтащ франджы балеринэм теухуа тхыгъэ, сурэт гъэщІэгъуэн куэд.

Щамырзэхэ ящыщ цІыхубэ тельыджэр и лъэпкъэгъуэхэм нэхъ гъунэгъуу егъэщІыжыным теухуа лэжьыгъэм дызэрыт илъэсым пащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК, «НОТР Налшык» Іуэхущ Іапіэхэм я телевизионнэ-журналистхэм. Ахэр Париж кІуэри, фильм гъэщІэгъуэнхэр трахащ.

Черинэ Людмилэ къызэралъхурэ нобэ илъэс 90 ирокъу; абы теухуауэ Чэрим Марианнэ игъэхъэзыра тхыгъэм фыкъыщеджэ 3 - 4-нэ напэкІуэцІхэм.

Ди мурадыр республикэм исхэм ефIэкIуэныгъэрэ зыужьыныгъэрэ яIэнырщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Дызыхуэкlуэ илъэс гъунэгъухэм жыджэру къэдгъэсэбэпынущ турист-рекреацэ комплексым и зэфIэкIхэр. Рекреацэ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ, зи зыужьыныгъэкIэ зэщхьэщыкI щIыналъэу ди деж иджыпсту 11 щыIэщ. Дэ дыхущIэкъунущ я Iуэхутхьэбзэхэм техническэ зэфIэкIкIи дуней псом нэхъ щыцIэрыIуэ спорт курортхэм ебгъапщэ хъун турист курортхэр а щIыналъэхэм зэрыщызэтедгъэувэнум. Апхуэдэу Iуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж, Шэджэм районхэм я щIыналъэхэм щыIэхэм ещхь турист-рекреацэ экономикэ щIыналъэ хэхахэр зэтегъэувэным хуэгъэза лэжьыгъэхэм пытщэнущ. Зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр мы IэнатIэм ехьэлIауэ дгъэзэщIа хъумэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу илъэс къэс ди деж туристу зы мелуаным зыщагъэпсэхуфынущ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм щагъэзащIэ е илъэс гъунэгъухэм къриубыдэу щагъэзэщIэну я мурадщ экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм - химическэ, ерыскъы промышленностым, промышленность псынщIэм, энергетикэм, транспортым, мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, медицинэм ехьэлIа инвестицэ проект пэрыту тIощI хуэдиз. Проект псоми я уасэр сом меларди 100-м щIегъу. Ахэр зэрагъэзащIэм и фIыщIэкIэ бюджетым и IэнатIэ псоми къаIэрыхьэ налогхэм хэхъуэнущ, ди дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр арщи, цIыху куэдым лэжьапIэ тэмэм къащыIэрыхьэ IэнатIэхэр ягъуэтынущ.

Дэтхэнэ проект инри бгъэзэщIэн папщIэ ахъшэшхуэ, мылъку - техникэ зэфIэкI ин ехьэлIэн хуейщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, зи гугъу сщIа псори гъэзэщIэным бюджет ахъшэр хурикъунукъым. Абы къыхэкIыу уней мылъкур нэхъ жыджэру къызэщIэдгъэуIуэнущ, къэралымрэ мылъку зыбгъэдэлъ цIыхухэмрэ зэрызэдэлажьэм зедгъэужьынущ, инвестицэ Iуэхухэр нэсу зэтеувэн папщIэ республикэм Iэмал нэхъыфI дыдэхэр къыщызэдгъэпэщынущ. Дэ ди мурадщ инвестор нэхъ лъэщ дыдэхэми, хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмри защIэгъэкъуэнымкIэ Iэмалыщlэхэр зэтедгъэувэну, республикэм бгъэдэлъ инвестицэ зэфIэкIыр КъБР-м и рынокми абы и щIыбкIи зэрыщыпхыдгъэкIынум дыхущIэкъуну.

Дызыхуэплъэ къалэн нэхъыщхьэр дэдгъэкIын - республикэ бюджетым и хэхъуэм щыщу зы цIыхум хуэзэр ику иту Урысейм щыIэ бжыгъэм лъэщIэдгъэхьэн папщIэ бизнесым дэIэпыкъунымкIэ хэкIыпIэу щыIэм зедгъэужьын икIи абы папщIэ властым законхэр къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ и IэнатIэхэри щIэгъэкъуэн къэтщIын хуейщ. Дэ бизнесым и IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ защIэдгъэкъуэнущ, мылъку къэлэжьыным пыщIа а IэнатIэхэрщ щIэгъэхуэбжьауэ зыужьынымкIэ лъабжьэу щытынур.

Ди лэжьыгъэм куэд зэлъыта и унэтIыныгъэхэм ящыщщ къэрал, муниципальнэ мылъкур къэгъэсэбэпыным къыпыкI фейдэр хэгъэхъуэныр. Абы папщIэ нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыпхъэщ къэрал мылъкумрэ щIы Iыхьэхэмрэ зыхухаха мурадхэм тету къызэрагъэсэбэпым. Апхуэдэу зыхуэфащэ ахъшэхэр ирикъуу къыхэхыныр къызэгъэпэщын хуейщ. Экономикэм мылъку къэзылэжь и IэнатIэхэм инвестицэхэр къыхузэщIэгъэуIуэнымкIэ, хозяйствэм и субъектхэу фейдэ пылъу лажьэхэр нэхъыбэ щIынымкIэ хэкIыпIэу щыт къэрал мылъкур нэхъ нэсу щIэгъэкъуэн къэщIын хуейщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, нобэми ди дежкIэ Iуэху нэхъыщхьэу къонэ щIымрэ ар зэрызэблагъэкIымрэ. Иджыпсту дэ ди къалэнщ къэралми, зэрыщыту дунейми абы и лъэныкъуэкIэ щызэтеува лэжьэкIэм кууэ дыхэплъэу, езы къуажэдэсхэм жаIэхэм дедаIуэу республикэм ис цIыху псори арэзы зытехъуэн унафэ дыубзыхуну. Ауэ апщIондэху дэ зыхуэфащэ Iуэху псори зэфIэдгъэкIынущ щIыр бэджэнду зэрат щIыкIэр гъэтэмэмыным, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ мыхъумыщIагъэхэр, уеблэмэ, хабзэншагъэхэр гъэзэкIуэжыным хуэунэтIауэ.

Мы илъэсым къриубыдэу Iэмал имыIэу яухын хуейщ щIыхэр щIэпщытыкIыныр. Дэ къызэдмыгъэпэщу хъунукъым мэкъумэш щIапIэу щыт щIыр къызэрагъэсэбэпыр унэтIынымрэ абы кIэлъыплъынымкIэ псоми я дежкIэ нэрылъагъу икIи гурыIуэгъуэ комплекс системэ, абы папщIэ КъБР-м щIы Iуэхухэмкlэ и законодательствэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьэурэ.

Абы дэщIыгъуу щIэддзэу щIыхэм я кадастр уасэм дыхэплъэжын, бэджэнд уасэмрэ щIым папщIэ тралъхьэ налогымрэ дгъэтэмэмыжын икIи а псори и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхухэм щIыр къагъэсэбэпынымкIэ зэхуэдэ Iэмалхэр къахузэдгъэпэщын хуейщ.

ЩIым ехьэлIа ди политикэм и лъабжьэу щытыпхъэщ мэкъумэш щIапIэхэр захуагъэ хэлъу икIи фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыныр, а щIым тележьыхь цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр къэлъытэныр.

Зы IэнатIэми зыужьыныгъэ щыIэнукъым иджырей гъуэгухэр ямыщIмэ, транспортым и инфраструктурэ зэтрамыгъэувэмэ. Ди мурадхэм хеубыдэ гъуэгухэр, лъэмыжхэр щIэуэ ухуэныр, щыIэхэр зэгъэпэщыжыныр. Гъуэгухэр зэраухуэм и хьэкъкIэ транспорт-логистикэ комплексхэр зэтеувэнущ. Ухуэныгъэр щIэгъэхуэбжьэнымрэ туризмэм зегъэужьынымрэ къадэкIуэу, а унэтIыныгъэр инвестицэхэр къэгъэсэбэпынымрэ лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухынымкIэ нэхъыбэкIэ узыщыгугъ хъунухэм ящыщщ. Дэ ди мурадщ Налшык и автовокзалитIыр къалэм дедгъэхыу Пятигорскрэ Владикавказрэ я лъэныкъуэхэмкIэ къыдыхьэпIэхэм хуэзэу щедгъэщIыну, апхуэдэу «Налшык» гъущI гъуэгу станцымрэ хьэлъэхэр къыщрах-щралъхьэ пщIантIэмрэ къалащхьэм и щIыбкIэ щедгъэухуэну. А псоми я фIыщIэкIэ транспортыр нэхъ тыншу зекIуэу хуежьэнущ икIи Налшык къалэм дэсхэм я псэукIэр ефIэкIуэнущ. Апхуэдэу и мыхьэнэр зыкIи нэхъ мащIэкъым къалэм и экологиер нэхъ тэмэм зэрыхъунуми. Зэман гъунэгъум къриубыдэу дэ аэропортыр едгъафIакIуэу щIэддзэнущ икIи абы къыдэкIуэу дыхущIэкъунущ аэропортыщIэ ухуэным пыщIа Iуэхур зэрыпхыдгъэкIынум. Иджыпсту дэ щIэддзауэ долэжь пассажирхэр къезышэкI автотранспортыр къэгъэщIэрэщIэжыным. ДызыхуэкIуэ щэкIуэгъуэ мазэм къриубыдэу иджырей троллейбусыщIэу 10 къытIэрыхьэнущ.

Дэтхэнэ щIыналъэми и социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и щытыкIэр. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ нобэрей цIыхум и псэукIэм и фIагъыр. Ауэ мы IэнатIэрщ ди гугъуехь нэхъыщхьэхэр щызэтрихьар икIи цIыхухэр нэхъыбэрэ зыгъэтхьэусыхэр, псом япэу, Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэкIэлъымыкIуэм теухуауэ.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщыр ефIэкIуэн папщIэ мы IэнатIэр къагъэщIэрэщIэжыным, инженер коммуникацэхэр, сетхэр, энергиекIэ къызэзыгъэпэщ ухуэныгъэхэр реконструкцэ щIыным хуэгъэза программэ зыубгъуа къащтэнущ. А программэр ягъэзэщIэнущ бюджетым и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я ахъшэкIэ, апхуэдэу уней мылъкур къызэщIагъэуIуэурэ, къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэм я мылъкумрэ зэдагъэлажьэурэ. Тарифхэр зэрызэблагъэкIыр зэман кIыхьым тещIыхьауэ икIи Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я дежкIэ гурыIуэгъуэу зэтрагъэувэнущ. А псоми хиубыдэу дэ ди мурадщ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэзыгъэпэщ компаниехэм яхь жэуапыр нэрылъагъуу къэтIэтыну.

Дэ ди нэIэ тедгъэтынущ жылагъуэхэр адэкIи зэIузэпэщ щIыным. Дэ ди къалэнщ зэгуэр Урысей Федерацэм и щIыналъэ нэхъ къабзэ дыдэу, нэхъ дахэ дыдэу зэрыщытам Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуэдгъэкIуэжыну.

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ!

Дэ мураду, плъапIэу диIэ псори зыхуэунэтIар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, социальнэ зэIузэпэщыныгъэр къэIэтынырщ. А Iуэхур дэдгъэкIынущ лэжьапщIэ тэмэм къыщалэжь IэнатIэщIэхэр къызэIутхыурэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ программэхэр дгъэзащIэурэ. ЛэжьапIэ Iут цIыхур къулейсызу щыт хъунукъым. Дэ дыхущIэкъунущ дэтхэнэ IэнатIэми пэрыт псоми я лэжьапщIэр зэрыхэдгъэхъуэным.

Ди лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ, дяпэкIи щытынущ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэмрэ гулъытэ яхуэщIыныр. Ахэр жылагъуэ гъащIэм и сыт хуэдэ IэнатIэми хэлэжьыхьынымкIэ Iэмалхэр къахузэдгъэпэщынущ, гъащIэм абыхэм щаIэ пщIэр къызэрытIэтыным дыхущIэкъунущ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ абыхэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр къэIэтыным. Зи ныбжь хэкIуэтахэм, апхуэдэу социальнэ IэнатIэм и стационар IуэхущIапIэхэм щыпсэу нықъуэдыкъуэхэм я гъащIэр нэхъ тынш зыщIын Iэмал псори къахузэгъэпэщыпхъэщ. Гулъытэ хэха игъуэтынущ сабий ныкъуэдыкъуэхэр зэзышэлIэжа унагъуэхэм ядэIэпыкъуным.

Дызыхуэкlуэ гъэм Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 ирокъу. Иужьрей илъэсхэм зауэм и ветеранхэм яхуэгъэзауэ республикэм куэд щалэжьащ. Ауэ нэсу яхуэмыгъэзащIэу къэнащ язынықъуэ Iуэхухэр, псалъэм папщIэ, ахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр. ТекIуэныгъэм и юбилейр къэсыным къэнэжа зэманым къриубыдэу дэ ди къалэнщ зыхуэдгъэувыжауэ щыта Iуэху псори фIэкIыпIэ имыIэу дгъэзэщIэну, дэтхэнэ ветеранми гулъытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ зыхищIэн папщIэ тхузэфIэкI псори длэжьыну.

ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэ!

Республикэм исхэм псоми зэхуэдэу икIи зыми емылъытауэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм ягъуэту щытын хуейщ. Медицинэм и IэнатIэр къагъэщIэрэщIэжыныр зыхуэунэтIар медицинэ Iуэхутхьэбзэу цIыхухэм хуащIэхэр егъэфIэкIуэнырщ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и IуэхущIапIэщIэхэр щIынырщ, лажьэу щыIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынырщ, абыхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIыр къэIэтынырщ. Медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр абыхэм я лэжьыгъэм и фIагъымрэ я IэщIагъэр зыхуэдэмрэ езэгъыу щытыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIэдгъэкI Iуэхухэм елъытауэ щытынущ сымаджагъэмрэ лIэныгъэмрэ.

Узыншагъэр хъумэным и IэнатIэм хиубыдэу дэ япэ идгъэщыр профилактикэ лэжьыгъэм зегъэужьынырщ, диспансеризацэм Iэмал зэриIэкIэ цIыху нэхъыбэ къызэщIегъэубыдэнырщ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и пэщIэдзэ Iыхьэм и лэжьыгъэр едгъэфIэкIуэнущ, поликлиникэхэм цIыхухэр щызэтримыхьэн папщIэ зыхуэфащэ псори зэфIэдгъэкIынущ, узыфэхэр зэрызэхагъэкI, ахэр зэрагъэхъуж иджырей Iэмалхэр къэдгъэсэбэпынущ, медицинэ IуэхущIапIэхэм гуапагъэрэ пщIэрэ цIыхухэм зэрыщыхуащIыным дыхущIэкъунущ. Къуажэ псоми дащIыхьынущ иджырей фельдшер-акушер пункт-хэр е дохутыр амбулаторэхэр. Дызэрыт илъэсым и щэкIуэгъуэ мазэм и закъуэ щIэуэ фельдшер-акушер пункту 38-рэ къызэIуахынущ.

Санитар автранспортыр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэгъэза лэжьыгъэр ирагъэжьащ. Куэд мыщIауэ республикэм медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэм папщIэ иджырей оборудованэкIэ къызэгъэпэща автомашинэу 45-рэ къыIэрыхьащ, дызэрыт мазэм къриубыдэу иджыри автомашинэ 15 къытхуэкIуэнущ.

Республикэм лъынтхуэ узхэр щагъэхъуж IэнатIэ зыбжанэ къыщызэIуахащ, онкологие, перинатальнэ центрхэр ухуэным щыпащэ.

Псори дызэрыщыгъуазэщи, сыт хуэдэ узыфэмкIи хущхъуэ нэхъыфIыр физкультурэмрэ спортымрэщ. Аращ а IэнатIэм дэ зэпымыууэ ди нэIэ щIытедгъэтыр. Дызэрыт илъэсым и закъуэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексу 7 щIын яухащ, гъэр иухыхукIэ аргуэру апхуэдэ IуэхущIапIэу 4 къызэIуахынущ. Дэ дяпэкIи зедгъэужьынущ спорт IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIым. **Дэ сабий спортымрэ цIыху куэд къызэщIэзыубыдэ спортымрэ зегъэужьынымкIэ политикэщIэ зэхыдолъхьэ икIи спорт ухуэныгъэхэр псэупIэ хьэблэхэмрэ еджапIэхэмрэ къыщызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэну дыщытынущ**.

Егъэджэныгъэр зэманым къигъэувхэм езэгъыу икIи фIагъ хэлъу къызэгъэпэщыныр республикэм социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэ тэмэм игъуэтынымкIэ лъабжьэщ. **Дэ адэкIи пытщэнущ егъэджэныгъэм и IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжыным. Ар зыхуэунэтIар къэралым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм зэман кIыхьым къриубыдэу щызэтеува IэмалыфIхэр хъумэнырщ, Урысейми зызыужьа адрей къэралхэми къыщалъыта лэжьэкIэщIэхэр щIэгъэкъуэн къэщIынырщ. Мыбдеж мыхьэнэ хэха щиIэщ, я социальнэ щытыкIэм емылъытауэ, цIыху псоми еджэнымкIэ зэхуэдэ Iэмалхэр къахузэгъэпэщыным**.

Гулъытэ хэха игъуэтын хуейщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ. КъэхутэныгъэхэмкIэ къызэрагъэлъагъуэмкIэ, иджырей сабийхэр илъэсищ-плIы ирикъуа нэужь ебгъаджэу, бгъасэу щIэбдзэну кIасэщ. Абы къыхэкIыу, сызэреплъымкIэ, тэмэм хъуну къыщIэкIынщ дуней псом егъэджэныгъэмкIэ щызэтеува хабзэм къезэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэрым «илъэсищым иужькIэ кIасэщ» жытIэу щыдгъэувым икIи сабийхэр егъэджэнымрэ гъэсэнымкIэ апхуэдэ къыхуеджэныгъэм къезэгъ IуэхущIапIэхэр, «**егъэджэныгъэр иджырей технологиехэм тету, гъэсэныгъэр лъэпкъ хабзэ нэхъыфIхэм тету**» къыхуеджэныгъэр къэзыгъэсэбэп гимназие хэхахэри абыхэм яхэту, къызэгъэпэщынымкIэ, республикэм и район псоми зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм папщIэ творческэ, компьютер, робототехникэ, лингвистикэ центрхэр къыщызэIухынымкIэ къэрал программэ зэхэтлъхьэмэ.

Быдэу си фIэщ мэхъу щIэблэ тэмэм гъэсэн нэхърэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи нэхъ фIыщIэ зыпылъ Iуэху ди дежкIэ зэрыщымыIэр. А мурадыр къыдэхъулIэн папщIэ ди лъэпкъым и къэкIуэнум тегузэвыхь псори фыкъыхузоджэ фи къарумрэ творческэ зэфIэкIымрэ зэкъуэвгъэувэну. СызэреплъымкIэ, ди цIыхухэм я зэкъуэтыныгъэр адэкIи гъэбыдэнымкIэ идейнэ лъабжьэр аращ.

Фундаментальнэ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ ипэжыпIэкIэ зэкъуэгъэувэныр технологиехэмрэ зэхэщIыкIымкIэ я рынокым хиубыдэу республикэм ефIэкIыныгъэ пыухыкIахэр къыщихьыфыну IэнатIэхэм тележьэну инновацэ центрхэр къызэгъэпэщыныр и лъабжьэу егъэкIуэкIын хуейщ. Вузхэм щIэсхэм ирагъэгъуэт щIэныгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа къалэным дэ дыпэлъэщынукъым, студентхэр егъэджэнымкIэ концепцэр кууэ зэтхъуэкIын тхузэфIэмыкIмэ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин В.В. къызэрытхуигъэувам тету дэ 2015 гъэм къызэднэкIын хуейщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэр зэпэубыдауэ зэрыщытыр. Дэ къытпэщытщ егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр нэрылъагъуу къэдгъэщIэрэщIэжыну. ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэм пщIэ хуащIу икIи абы улахуэшхуэ пэкIуэу сыт щыгъуи щытынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ щIалэми хъыджэбзми Iэмал яIэн хуейщ езыхэм я зэфIэкIыр къагъэсэбэпыну, властымрэ управленэмрэ я IэнатIэхэм щылэжьэнри хэту. Нэрылъагъуу зауэжьынущ Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм, КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм, къэлъыхъуакIуэхэр, волонтерхэм я зэщIэхъееныгъэхэм яIэ зэфIэкIхэм. Дэ ди мурадщ къэрал щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа республикэ программэхэм хэтын папщIэ щIалэ, хъыджэбз нэхъ жыджэрхэр къыхэхынымкIэ Iэмалхэр зэтедгъэувэну икIи а щIыкIэм тету дэтхэнэми и зэфIэкIхэр къигъэсэбэпынымкIэ хэкIыпIэхэр къыхуздгъэпэщыну.

Дызэрыт гъэр Щэнхабзэм и илъэсщ. Дэ куэд длэжьащ ар тэмэму едгъэкIуэкIын папщIэ. Музыкэ театрыр, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ театрыр, щэнхабзэм и нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, зэрагъэпэщыжащ, Курортым щэнхабзэмкIэ и унэмрэ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ театрымрэ капитальнэу зэгъэпэщыжын яух. Дэ адэкIи дегугъунущ лъэпкъым и зэхэщIыкIым зегъэужьыным, щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжынымрэ дэ къытпэщыт Iуэху пэрытхэм ящыщщ. ЗэхэщIыкIымрэ щIэныгъэмрэ къэIэтынымкIэ центру увын хуейщ щэнхабзэмкIэ унэхэр, библиотекэхэр, музейхэр. **ЩэнхабзэмкIэ IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэ псоми я къалэнхэр зыубгъуауэ икIи купщIафIэу щытщ, ар гъуазджэ, творчествэ лъагэм къыщегъэжьауэ, цIыху зэхэтыкIэмрэ зэхущытыкIэхэмрэ нос**.

Къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу сэ къызолъытэ ди лъэпкъхэр зауэжьу хэпсэукIын папщIэ абыхэм зыхуэбгъэдэн щымыIэ я лъэпкъ щэнхабзэр хъумэныр. Анэдэлъхубзэр, лъэпкъ щэнхабзэр ямыIэжмэ, дэтхэнэ лъэпкъми щыщ цIыхухэм - ахэр адыгэу, балъкъэру, урысу щрети - я гумрэ я псэмрэ щыщ Iыхьэшхуэ яфIэкIуэдынущ. Дэ республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм я щэнхабзэм, абыхэм я зэхэтыкIэмрэ хабзэхэмрэ пщIэ хуэтщIын, абыхэм я лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм жыджэру дадэлэжьэн хуейщ. **Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм ис лъэпкъ псоми я духовнэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ, бзэхэм, лъэпкъ щэнхабзэхэм зэхуэдэу зауэжьынымкIэ зыхуэфащэ псори зэфIагъэкIыныр си къалэну къызолъытэ**.

ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэ!

Республикэм зиужьынымкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэху нэхъыщхьэ дыдэщ хабзэр хъумэнымрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымрэ. Республикэм щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ хабзэхъумэ органхэм иужьрей зэманым куэд ялэжьащ. Ауэ а псоми къадэкIуэу дэ къыдгурыIуэн хуейщ оперативнэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжынымкIэ а псори япэ лъэбакъуэу зэрыщытыр. Хабзэхъумэ органхэм я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ псоми хиубыдэу иджыри лэжьыгъэшхуэ щыIэщ, абы хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм я зэфIэкIыр къэIэтынри хиубыдэу.

Ауэ, дауэ мыхъуми, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я закъуэ дащыгугъыу, дэ лъэныкъуэкIэ дыщытыныр тэмэмкъым. Абыхэм властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэр ядэлэжьэн, профилактикэ лэжьыгъэр IэнатIэ псоми тэмэму щызэтегъэувэн хуейщ. **Дэ ди къалэнщ ди щIалэгъуалэр хабзэншагъэ Iуэхухэм хамышэфын папщIэ лэжьыгъэм и Iэмал псори къэдгъэсэбэпыну. И зэман хъуащ экстремизмэм и идеологием пэщIэтынымкIэ системэ нэс щIэныгъэр и лъабжьэу зэтедгъэувэну**.

Апхуэдэу коррупцэм пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм дыхэплъэжын, лэжьыгъэм егъэщIылIа псоми я зэфIэкIыр зэдгъэуIун, ведомствэхэм я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ тэмэму зэтедгъэувэн хуейщ.

Коррупцэр жылагъуэр зыших емынэщ, абы къыхэкIыу дэ тегушхуауэ икIи ерыщу дыщIэбэнын хуейщ ар ди гъащIэм и IэнатIэ псоми зэрыхэдгъэкъэбзыкIыным.

Нобэ дэ ди зэфIэкIыр хурикъунущ криминоген щытыкIэр егъэфIэкIуэным. А зэфIэкIыр нэгъэсауэ икIи сэбэпынагъ пылъу къэдгъэсэбэпын хуейщ цIыхухэм, жылагъуэм шынагъуэншагъэ къахузэдгъэпэщын, гъащIэ мамыррэ лэжьыгъэ тэмэмрэ зэтедгъэувэн папщIэ.

Къытпэщыт къалэнхэр дэ нэгъэсауэ щытхуэгъэзэщIэнур къэрал унафэр зэрызэрагъакIуэмрэ къэрал IэнатIэм и лэжьыгъэмрэ нэгъэсауэ тэмэму къыздэгъэпэщмэщ. **Властыр цIыхухэм я псалъэм едаIуэу икIи абыхэм жаIэр зэхихыу щытын хуейщ**. Дэ властымрэ жылагъуэмрэ я зэпсэлъэныгъэхэм адэкIи зедгъэужьынущ, цIыхухэм дазэрыпыщIар дгъэбыдэнущ, щIыпIэ унафэр зэрызэрагъакIуэ Iэмалхэм, зэрыщыту граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъуу дыщытынущ.

Ди лэжьэкIэр псом я дежкIи зэIухауэ икIи гурыIуэгъуэу щытмэщ республикэм властымкIэ и органхэм цIыхухэм я деж пщIэ нэс щыщаIэнур. Абы и лъэныкъуэкIэ дэ дыхьэзырщ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ псоми жыджэру дадэлэжьэну. Мыбдеж дэ тегъэщIапIэ тхуэхъуну дыщогугъ журналистхэм я зэфIэкIыр, жэуаплыныгъэр, пэжыгъэр.

Зэман дызыхуэкIуэм адэкIи делэжьынущ республикэм и Iэтащхьэм и администрацэм, Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ, къэрал унафэр зезыгъакIуэ орган псоми я къызэгъэпэщыкIэмрэ абыхэм штаткIэ щылажьэхэм я бжыгъэмрэ гъэтэмэмыным.

Дэ ди къалэныр властым и IэнатIэ псоми я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэнырщ. Дэ дыхущIэкъунущ социальнэ мыхьэнэ зиIэ законопроектхэм, республикэм и программэ хэхахэм, жылагъуэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ псоми цIыхухэр зэрытепсэлъыхьым зегъэубгъуным. Абы и лъэныкъуэкIэ Парламентым и депутатхэм зыкъытщIагъэкъуэну икIи къыддэIэпыкъуну сащогугъ.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Дэ псоми ди мурадыр зыщ - ар республикэм исхэм я ефIэкIуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэщ. А мурадыр зэдгъэхъулIэн папщIэ дэ псори дызэгурыIуэу, езэш дымыщIэу икIи сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрытхьыным дыхущIэкъуу дызэдэлэжьэн хуейщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэщ дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур тэмэму къызэрызэдгъэпэщыфынур, цIыхухэр къызэрытщыгугъыр зэрыдгъэпэжыфынур.

Абдулатипов Рэмэзан

Кадыров Рамзан

КIуэкIуэ Юрий и къулыкъум пэроувэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

АдэкIэ псалъэ иратащ Абхъаз Республикэм и Президент **Хаджимбэ Рауль**.

- Си гуапэу сынохъуэхъу, Юрий Александр и къуэ! Дэ ди лъэпкъхэр ижьыжьыж лъандэрэ быдэу зэпыщIауэ къокIуэкI, лъыкIэ зэблагъэщ, - жиIащ абы. - Абхъазым зэи щыгъупщэнукъым зауэ къыщращIылIам КъБР-м и къуэ пажэхэм Iэщэ яIыгъыу къызэрыкъуэувар, щтапIэ ихьэжа ди цIыхухэм фи республикэр бысым гуапэ зэрахуэхъуар. Абхъаз тхыдэм кууэ къыхэнащ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ ди зэпыщIэныгъэм джэлэс хуэхъу Сосналы СулътIан и цIэр. Си фIэщ мэхъу уэ узипашэ республикэр зыужьыныгъэм лъэбакъуэ псынщIэкIэ зэрыхуэкIуэнур, икIи ди зэпыщIэныгъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ нэхъри едгъэфIэкIуэну жэрдэм дызэриIэр зэхэпщIыкIыну сыхуейщ.

Осетие Ипщэм и Президент **Тибилов Леонид** КIуэкIуэ Юрий ехъуэхъуащ зыпэрыува IэнатIэм пэлъэщыну, республикитIым ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр ирагъэфIакIуэу куэдрэ зэдэлэжьэну.

Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ **Абдулатипов Рэмэзан** къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр сыт щыгъуи Урысейм и жьауэм щIэту къызэрыгъуэгурыкIуэр, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ хэгъуэгухэм щапхъэ зэрахуэхъур. «А псори республикэм и Iэтащхьэхэрщ дахэу зэтезыгъэувар. Сэ куэдрэ сыдэлэжьащ КъБР-м и япэ президенту щыта КIуэкIуэ Валерий. Губзыгъэт, унэтIакIуэ, къызэгъэпэщакIуэ лъэщт, куэд ищIащ абы къыщалъхуа республикэр фIы хуэзэн папщIэ. Iэтащхьэ къулыкъум пэрытыху Къанокъуэ Арсени зыкъигъэлъэгъуащ менеджер, финансист лъэщу. ДяпэкIэ абыхэм я Iуэху дахэм къыпищэу КIуэкIуэ Юрий зэрылэжьэнум шэч къытесхьэркъым икIи гугъэфIхэр изопх зыужьыкIэщIэм хэгъуэгур хуишэну», - дыщIигъуащ Абдулатиповым.

Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Iэтащхьэ **Мамсуров Таймураз**, Ингуш Республикэм и Iэтащхьэ **Евкуров Юнус-Бек**, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**, Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ **Кадыров Рамзан** сымэ къыщыпсалъэм къыхагъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъуэгухэм унафэ щыпщIыным, ущыпсэуным щхьэхуэныгъэхэр зэрыхэлъыр икIи лъэпкъхэм я хабзэхэр ихъумэу, цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэхэр къилъытэу, зэманым щIэуэ къигъэувхэм ялъэщIыхьэу, Урысей Иным и жьауэм щIэту республикэр зэрихьэну я лэжьэгъум зэрехъуэхъур.

Адыгэ Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **КъумпIыл Мурати** КъБР-м и Iэтащхьэу хахагъащIэ КIуэкIуэ Юрий ехъуэхъуащ икIи АР-м и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и псалъэ гуапэхэр зэрыт тхылъыр иритыжащ. Апхуэдэу ди щIыналъэхэр зэрызэгъунэгъум нэмыщI, зэныбжьэгъугъэ я зэхуаку дэлъыну, зэдэлэжьэну зэрыщыгугъыр жиIащ Ставрополь крайм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Скворцов Юрий**.

ХьэщIэхэм я хъуэхъу псалъэхэм яужькIэ утыкур хуит хуащIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**. Абы фIыщIэ яхуищIащ и Iуэхур къыдэзыIыгъа псоми.

- Си гъащIэм хэта махуэ нэхъ лъапIэхэм ящыщщ нобэрей махуэр, ар къыздэзыIэта псоми фIыщIэ фхузощI, - жиIащ КIуэкIуэм. - Сэ кууэ зыхызощIэ къэралым и Президентым, КъБР-м и Парламентым, ди цIыхубэм къызагъэза дзыхьыр. Фи фIэщ фщIы сыкъыщалъхуа щIыпIэр езгъэфIэкIуэныр, ди цIыхухэм я щхьэр зыхуей хуагъэзэфын папщIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыныр си мурад нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Си къалэну къызолъытэ си япэ итахэм ящIахэр схъумэну, згъэбэгъуэну. Си гуапэ мэхъу ди республикэм илъэс 30-м нэблагъэкIэ и унафэщIу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ ипхъу Ольгэ, КъБР-м и япэ президенту щыта КIуэкIуэ Валерий и щхьэгъусэ Виолеттэрэ и къуэ Къазбэчрэ, илъэси 8-м щIигъукIэ Iэтащхьэу лэжьа Къанокъуэ Арсен сымэ мы пэшым зэрыщIэсыр.

Правительствэр, къулыкъущIапIэхэр си дэIэпыкъуэгъуу, зыужьыныгъэм и гъуэгум тегушхуауэ срикIуэну си гуращэщ. Сэ республикэм ис цIыхубэм я пащхьэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрыщысхьырщ япэ изгъэщынур, ардыдэр япэзубыдынущ сэ къыздэлэжьэну псоми. Си фIэщ мэхъу, дызэкъуэту дызэдэлажьэмэ, лъэпощхьэпохэр къызэрызэднэкIыфынур, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ, зэманым декIу республикэ зэрыдухуэфынур.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэр зэфIэкIа нэужь, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергейрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ журналистхэм яIущIащ. Абыхэм я упщIэхэм жэуап щаритым Меликовым къыхигъэщащ КIуэкIуэм и лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэр махуэ 300-м щIигъукIэ ягъэунэхуну зэрыхунэсар, а пIалъэм къриубыдэу къэралым и унафэщIыр КIуэкIуэ Юрий къызэрыщыгугъа куэд нэрылъагъу зэрищIар. «КIуэкIуэм зэфIигъэкIахэм я гугъу пщIымэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ я лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэхэр щыIэщ, апхуэдэуи лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, дин зэгурыIуэныгъэр, щытыкIэ зэпIэзэрытыр къызэригъэпэщыфу зэрыщытыр нэрылъагъущ», - жиIащ Меликовым.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ япэ игъэщыпхъэу къилъытэ лъэбакъуэхэм куэд щIауэ иужь зэрихьар, а псори зэуэ зэбгъэхъулIэфыну зэрыщымытыр, ауэ зэман гъунэгъум ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр яIэну и фIэщ зэрыхъур. «Япэ игъэщыпхъэу къэтлъытэ псори дгъэнэIуащ, абыхэм хуэм-хуэмурэ яужь дихьэнущ. Ауэ сэ си щхьэкIэ нэхъыщхьэу згъэувыр властым ищIэмрэ илэжьымрэ цIыхубэм я деж нэсу, ахэр къызэрытщыгугъыр зэфIэдгъэкIыфу дылэжьэнырщ», - дыщIигъуащ Iэтащхьэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Адыгэ цIэрыIуэхэр

Гъащ1эр ажалым пэлъэщыркъым 90

Франджы балеринэ телъыджэ, киноактрисэ, сурэтыщI, тхакIуэ Черинэ Людмилэ (Щамырзэ Моникэ) нобэ къыщалъхуа махуэщ

Балетымрэ шэрджэсхэмрэ

2004 гъэм гъатхэпэм и 21-м Париж къалэм илъэс пщIейм иту дунейм щекIыжащ «Черинэ Людмилэ» цIэмкIэ европей гъуэджэм и тхыдэм дыщэпскIэ хатха балет къэфакIуэ, сурэтыщI, актрисэ, тхакIуэ Щамырзэ Моникэ. Урысейм къиIэпхъукIа и адэр зэрыадыгэр зэи зымыбзыщIа бзылъхугъэр гъэсэныгъэкIэ сыт хуэдэ щэнхабзэми декIуу щытами, и къежьапIэкIэ адыгэхэм, урысхэм, франджыкъэм зэрепхар и дуней тетыкIэм къыхэщу псэуащ. Жэпуэгъуэм и 10-м, Черинэр къыззраль хурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу, тфIэигъуэщ дахагъэ куэд зыдалъэгъуа цIыхубз къыззрымыкIуэм и гъащIэ гъуэгум зэ дриплъэжыну.

АДЫГЭЛI цIэрыIуэ гуэрым и адэ е и анэ дунейм екIжати, и благъэ къуажэдэсхэр гузэвакIуэ къыхуэкIуат, жи, Налшык къалэм. Гукъеуэр зыщхьэщхьынум и унэм щынэсым, пианинэ макъ къыщIэIукIащ. КъызэрыщIэкIамкIи, абы еуэр игу хэщIу фэ зытемыт бысымрат. ХьэщIэхэр заулкIэ щыму щытащ, къызытекIухьамрэ зрихьэлIамрэ зэрызэпащIэнур яхуэзмыгъэзахуэу. ИтIанэ бысымыр къэтджащ, пианинащхьэр трипIэжри: «Си щхьэуз хьвощIыкI фэ гъуэджэм!» - къажриIэри, и благъэ Iэнкун хуьахэр зыхуигъэгуэващ. А къуажэдэсхэм я пIэ диту зыкъытщохъуж нобэ етшэжьа тхыгъэм и щхьэусыгъуэкIэ. Япэраз, сыт хуэдизу «зыдужьами», балетыр адыгэ щэнхабзэм нобэми тыншу хэзагъэркъым. ИтIани, Европэм дыщыщу зыгIылъэтжкин папщIэ, ар дигу иримыхьми, зыкъэдумысыж хъуну къыщIэкIынкъым. Е, къэзрыдгурымыIуэмкIэ дагъэкъуаншэми, дызэрыдимыхьэхыр жыгIэ хъуну пIэрэ?! Нэхъ гъэщIэгъуэныжщ адыгэмэ щIэх къызыкIэримыхыну а гъуэзджэм и къудамэм зыщыддзей пэтрэ, балетыр къозыгъэщтэжын теуэ-тепкIэ куэд утыкум къызэрихьар, адыгэ къафэм пфIыхьихьэнкIэ языныкъуэхэм я нэрыгъуу. Адыгэ фащэм бзылъхугъэми цIыхухъуми и Iэпкъ-лъэпкъыр зэрыщIихьумэм хуэдэу, Хэкум иIэпхъукIа ди хэкуэгъуэхэр къызэрыфэр зыIлъагъу хьэрыпхэм адыгэхэм псынщIафэ къраплъу щытауэ жаIэж. Иджы мис, Щамырзэу зэгуэр щыта Моникэ: франджы бзылъхугъэ, и адэм и адэшхуэм чыристан диныр къыщIэту Кавказ зауэм ILыхъужьрэ жорыбгъэу хэтауэ...

Щамырзэкэ адыгэ лъэпкъ куэдым ещхьу, дэни щопсэу. Псалъэм папщIэ, 2013 гъэм Австралием щрагъэкIыкIат пщащэ нэхъ дахэхэм я зэпеуи, абы бжьыпэр щызыубыдар а къэралым и «ПсапащIэ фондым» щылажьэ журналист Джамырзэ (Щамырзэ) Фелициец. «Сэ псоми яжьзоIэ сызэрыадыгэр, адыгэ лъэпкъым кьыгуэхыпIэ имыIэу сызэрыщыщри зэи сыбзыщIакъым», - хьэзырщ хъыджэбз нафIэгуфIэм и жэуапыр, и къежьапIэр иту къыщIагъэкIыжкIэ. Ауэ Фелицие къызыхэкIа Джамырзэкэр Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ Хэкур зыбгынэн хуей хъуа мухьэжырхэм ящыщмэ, нобэ ди тхыгъэр зытедухуэ Черинэ Людмилэ Моникэ къызытехъуклар Пётр Езанэм и зэманым урыс лъэпкъым хэшыпсыхьа Щамырзэкэщ. «Бекович-Черкасскэ пщым и къуажэм дэса джылахъстэнеипщхэт», - хужаIэ а Щамырзэкэм. Мыбдежьм, дауи, зи гугъу ящIыр Бэчмырзэ Долэтджэрий зи адыгэцIэу щыта Бекович-нэхъыжьырщ. Зи къежьапIи зи кIуэдыжьпIи гууз а лIыр сабийуэ урысхэм ядыгъуу жор пщIэхалъхьауэ тхыдэм къыхоц. «Бекович хуэдэу кIуэдаш» урыс псалъэжьри къызытехъуклар абы и лэкIэрщ. Пётр Езанэм Хивэ щыгъуэм игъэкIуа лIыкIуэр къагъапцIэри, псэууэ и фэр трахауэ щытащ. Щамырзэкэ я лъэпкъым етпхьифыну абы и блэкIам къыхэщыр мыращ: «1717 гъэм Бекович Александр и Хэкум - Кавказым игъэкIуэжащ абы щыщ пщышхуэкэр Урысейм и телъхьэ ищыныр и къалэну. Абы и зекIуэм и ужькIэ адыгэщ куэд «зэры-Къабэрдейуэ пащтыхьышхуэм и жьауэ щIэувэну арэзы хъухэри, урыс пащтыхьым тхьэрыIуэкIэ бгъэдэуважэщ».

Черинэ Людмилэ и адэм и адэшхуэ Яков и къуиплIри урыс дзэпщ пэрыту щытащ. Нэхъ лъэрызехьэу абыхэм яхэта Чемерзин (Щамырзэ) Александр Щамил Иммым шэшэныщым щиIа Ведено хэщIапIэм теуахэм яхэтащ, абы щызэрихьа лIыгъэм папщIэ вагъуэ кратауэ. Апхуэдэ щыкIэу, ди жагъуэ хъупэми, хьыджэбзым адыгэ хэку кьыхуэзыгъэнэн гъащIэ гъуэгур и адэжьхэм ябгынащ.

Людмилэ и адэ Щамырзэ Авенир екъулIэныгъэ и куэду урысыддэзм хэтащ, ауэ и къэухьыр зауэ IэщIагъэхэм сфIыуэ щхьэдэхырт. IэмэпсымэщIэхэр дзэм папщIэ кьызэригупсысам нэмыщI, абы усэ тхьылъит! урысыбзэкIэ къыдигъэкIат Париж Iэпхъуэн и пэкIэ. Курыт лIэщIыгъуэхэм и франджы усыгъэри тхьылъ щхьэхуэу Париж къыщыдзэыгъэкIжар Чемерзин Авенирщ. Людмилэ и анэ Финет Стефани и лъэпкъкIэ франджыщ, профессор Звонов Валерий зэрыжиIэмкIэ, Людмилэ и адэ-анэр иджыри Бытырбыкъу щыIэзэрыщIыхуат: «Жэпуэгъуэ революцэм и ужькIэ адыгэпщ, урыс полковник Щамырзэ Авенир и щхьэгъусэ франджы бзылъхугъэр дзэщIигъуу Бытырбыкъу иIэпхъукIри Париж щтапIэ щихьэжащ, хъыджэбз цыкIур дунейм кьытехьэн ипэ». Черинэм и урыс анэшхуэ, Авенир и анэ Жуковская-Волынская Елизаветэ и кьуэм дзэщIигъуу Ниццэ къалэм и кхъэлъахэм щIэлъщ.

Газетеджэхэм ялъэгъуагъэнщ зэманышхуэ ямыззхуакуудызэрытилъэсым Черинэм теухуауэ къыдэкIа, Къзэанш Людмилэрэ Вэрокъуэ Владимиррэ я Iэдакъэщ1экI фильмхэр. ГъэщIэгъуэну 2014 гъэм Париж къалэм щытраха а лэжьыгъитIыр зи Iэужьхэм дызыщымыгъуазэ хъыбарыщIэ куэд ди лъахэгъу бзылъхугъэм теухуауэ кьрахьэлIащ, я зэфIэкIым и кьэтыркIи, ахэр тегъэщIапIэ тщIыну Iэмал кьызэрыдатам папщIи фIыщIэ яхуэфащэу. IэзагъкIи, гупсысэ нэхъыщхьэу Черинэм и блэкIам щIалъхьамкIи зэщхьэщыкIэмэ, а фильмхэм зэтехуэу зы купщIэ нэщхьей якIуэцIрокI: Къабэрдейр зи кьежьапIэ, Урысейр зи щIыбагъ, Франджыр зи Хэку бзылъхугъэ щIэрыIуэ сыт хуэдизу Iыгъэу дакIуеями, Iыхьлыки благъи кьыщIэсыщыIуту дунейм ехьажащ, и кхъэлъахэри хамэщIым кьыщынащ. Ауэ цIыху щыпкъэм дэни гъэзгу щыпхишыфынущ. Уеблэмэ и лъэпкъ сурэтыр фIэкIуэдыпэми, и гъэсэныгъэм и лъэужьыр кIуэдыжынукъым.

УкъигъэуIэбжьуи зыгъэр хэлъщ мы Iуэхум. Черинэ Людмилэ урысыщIэр лъагэу зыIэт франджы хэхэсщ. Дэ абы и адыгэ кьэупсэм дытепсэлъыхьыну жьэ нэхъ кьыдэзытри аращ, армыхьумэ балетым нэхърэ нэхъ мыхьэнэ зиI этщIэ лъэныкъуэ куэдкIэ зызыуэзщIа адыгэ цIэрыIуэхэр дунейпсо щэнхабзэм щымащIэкъым. Дэ Урысейм дызэрыфIэIыкIым хуэдэ дыдэу, урысхэр Европэм, Париж фIолIыкI - аращ мы балеринэм кьехъулIахэр ди лъэпкъ гъащIэм зэкIэ щыхамэми, ахэр зэдгъэщIыхуныр Хэкур фIыуэ зэрыгалъагъум, адыгагъэ зэрытхэлъым и нэщэнэ щIэхъур. Европэм и вагъуэр «дэри дыдейщ» зэрыжьитIэм укъыфIэкIмэ, дауи, адыгэмэ зэрыщIыуа къудейм зы цIыхуи мелыIыч ищIыркъым. КъызэрыгуэкI адыгэм дежкIэ махуэ псом лажьэу Щамырзэхэ я хадэжм и нэрыбгэ мыцIыхур нэхъ Iыхьлыщ франджы къэфакIуэм нэхърэ. Ауэ фIэгъэнапIэ тщIа Iэхку епIыкIэ дыкъуакъуэр упщIэ щхьэпэ дгъэувыну сэбап мэхъу. Балетыр къэтэнауэ, сыт нэхъыщхьэр: уи лъэпкъыр зэрыт лъэхъэнэм утемыжу, уакъыхэмыщу «уадэадыгэнра» хьэмэ зэманым демыкIуж къэухь зэвыр къэпкъутэу, дуней нэхъыфIи зэрыщIэр кьыбдэпсэухэм уи щапхъэмкIэ я фIэщ щIыфынра? А упщIэм и жэуапыр Черинэм и гъащIэм дриплъэурэ кьытхэмыльагъункIи хъунщ: уадыгэну хьэмэ уфранджыну жиIэу абы зыри кьеупщIакъым дунейм кьытехьэн и пэ. Ауэ нэхъыфIымкIэ дыкIуэтэныр ди мурад быдэмэ, гува-щIэхами а упщIэри дгъэувыпхъэщ.

Черинэ Людмилэ, интервьюм щыщ пычыгъуэ:

- Къафэр гъащIэм и зы Iыхьэщ, цIыхум кьыдэгъэугурыкIуэу. Ар икIи узищIысыр кьызэрыпIуэтэф Iэмалщ. ИтIани дакъыкъэхэм языхэзым кьыбгуроIуэ хабзэ хъуа къафэм Iэпхлъэпх уэзрищIыр, ухуей-ухуэмейми уимы-сурэт уэзриувэр. ЩхьэхуимыIу уогъэзащIэ хэIущIыу хъуа къэфэкIэхэр, ауэ зы сыкъапщтэмэ, абы сегъэIэнкун. ЗгъэзащIэр япэ дыдэ утыку кьихьа къэфакIуэхэм игъэуващи, ахэр зыпIэIэсыфам уелъэпэуну ухуиткъым. ИтIани сэ сызыкуейр 1960 гъэхэм псэуа бзылъхугъэм и дуней тетыкIэр кьэзгъэлъэгъуэныр. Езы балетыр кьапщтэмэ, ар лъэпкъ псоми къэдгъэуэгурыкIуэ кьэфэкIэхэм кьахэкъузыкIа гуэрщ. Зэуэ кьэрал псоми - урысми, франджыми, испанми - я лъэпкъ къафэр догъэзащIэ. Дунейпсо щэнхабзэр ди IэпкълъэпкъымкIэ зэпыдощIэ. Ар сфIэтелъыджэщ.

Жагъуэгъуэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм Iэхуэтхъэбзэшхуэ кьытхуамыщIэу пхужьIэнукъым. Сэ кьысхуэпсалъэхэм я щIыхуэ стелъ кьыщIэкIынщ. Си гугъэмкIэ, бий кьыщытхуэмыижьхым и деж, цIыхуэхэм дазэрыдзгуэшэн дбгъэдэмыльъыжу, жытIэн димыIэжу араш.

«Сэ сыадыгэщ, къулыкъущIэхэм жаIэм седэIуэнукъым»

ХЭТУ ПIЭРЭ Черинэ зи гугъу ищI и жагъуэгъуэхэр? Къыхуэпсалъэурэ псапэ кьэзыхьахэр? Къытедгъэзэжьынкъым зэман кIэщIкIэ Париж балетым льэ быдэкIэ щыува балеринэм и екъулIэныгъэхэм, ахэр куэд щIэуэ хэIущIыу хъуащ. Нэхъ тфIэифэщу абы патхэ «Сэ сыадыгэщ, къулыкъущIэхэм жаIэм седэIуэнукъым» псалъэафэр кьызыхэкIа щхьэусыгъуэхэм я зым и гугъу тщIыныр.

Сервин Рене, «Фигаро» газетым и обозреватель:

И адэ Авенир.

И анэ Финет Стефани.

Моникэ илъэсищ ирокъу.

«Черинэр щыззэгъэщIыхум ялэу къызита упщIэр сощIэж: «Уэ Iэщ1агъэ хьэлэмэт уиIэщ, жагъуэгъу уи куэд къыщIэкIынщ?»

- СиIэкъым, - естащ жэуап.
- Илъэс дапщэ хъуры?
- Щэщ1рэ блырэ.
- Ар сыт телъыджэ, илъэс щэщIрэ блы хъуакIэрэ бий уимыIу? - жиIэри игъэщIагъуат. Сэ сыжурналистт, ауэ нэхъыбэу си Iэдакъэ къыщIэкIыр цIыху цIэрыIуэхэм щытхъупс щатезгъэлъадэ тхыгъэхэрт. Черинэм мыхъумыщIагъэм пэщIэтын хуейуэ кьилытэрт. Абы седалэу, хъуамрэ мыхъуамрэ критикэм IупщIу къыщыгъэлъэгъуэн зэрыщIэздзэу, зэгъэунэхуащ зи гугъу ищIар.

Езы Людмилэ теплъэкIи хьалкIи кьыхуэт щыIэкъым жьхуаIэм хуэдэт. Зэлъсэу хъуам псэ хилъхьэрт, Iуэхур зыхуей хуэмыззэпуэу игу загъэртэкъым. Абы и адэр адыгэпщу щытащ, езыми фIэфIт и урыс къуэпсхэм я гугъу ищIыну. «Бонапарт»-м къыщыфэущ япэу зэрыслъэгъуар ар, сызэритхьэкъуар сигу ихужьркъым. Шырыкъу, льэпэд фIыцIэ, цIыхухъу джанэ щыгъыу утыку кьихьа балеринэм Наполеон уи нэгу къыщIигъэхьэрт. ИтIани, сыт хуэдэ роль игъэзащIэми, а зэры-Людмилэу кьэнэжьыр, езым цIыхухэм яжриIэну и гупсысэр утыкум из ищIыр, уи фIэщ мыхъункIэ Iэмал имыIэу».

Ансален-Жан-Клод, Черинэ Людмилэ и дэIэпыкъуэгъу-Iуэхуэхьэу илъэс 40-кIэ щыта:

- «Бонапарт»-м и ролыр кIэщI дыдэт. Арати, ар иуха нэужь, Сен-Санс и «Кьыу»-р игъэзащIэу утыку къихьэрт Черинэр. ЕлтIхэм я фIэщ хъуртэкъым Бонапарт цIыхухъу ролри «Кьыу»-ри а зы бзылъхугъэм игъэзащIэу. Ауэ и адыгэ хьэлыр хэт нэхъ игъэнэхуа жьыпIэмэ, ар «Гранд-Операм» и унафэщIрат. «Себастьян щихьи и хьэзабыр» игъэува нэужь, 55-рэ утыку кьихьащ Людмилэ ар игъэзащIэу, сыт щыгъуи цIыхухэр кьыхуэзэрзэыуэ, Iэгуауэр кьытракъутэу. ИтIанэ унафэщIым Томази Анри и «Атлантидэр» игъэувыну мурад ищIащ. Людмилэ абы кьыщIылъыс ролыр льэпэд фIыцIэ щыгъуэу игъэзащIэ хабзэт. АрщхьэкIэ Париж утыкум езым и хабзэхэр иIэжти, Людмилэ унафэ кьыхуащIащ льэпэд фэншэ, цIыху Iэпкълъэпкъым и фэм ещхьу, щитIэгъэну. «Абы итIанэ уэзреджэнэр балетхъым, пщIанэ кьафэщ», - жиIащ Людмилэ. Льэпэд фIыцIэкIэ фIэкIа сыкъэфэнукъым жиIэу щиукъуэдиипэм, Iэхур хьэлэбэлыкъым хуэкIуащ. Черинэр апхуэдизкIэ кьыхагъэзэхьырти, языныкъуэ критиккэм кьыхужаIэрт: «Дахэ-дахэу къэфэжьыфыркъыми, льэпэд гуэрхэр щхьэусыгъуэ ещI». Ар зэхихьжа нэужь, Людмилэ жиIащ: «КъэфэкIэ сщыгъупщэжауэ кьыщыффIэщIкIэ, сэ езым си балет кьызэIусхьынщ».

Черинэм и балет къызэIуехыж

АБДЕЖЫМ щыщIедзэ Людмилэ XX лIэщIыгъэм и балет хабзэхэр кьызэзыгъэдзэкIа Бежар Морисрэ сюрреализмэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа сурэтыщI Дали Сальвадоррэ ядэлажьэныр. Дунейм нэхъ цIэрыIуэ дыдэу тета хореографхэм языхэз Бежар 1967 гъэм Черинэм теухуауэ тхылъ щхьэхуэ итхауэ щытащ: «Черинэ Людмилэ: нэщхьеягъуэм и къэфакIуэ». Бежар дэркIэ гъэщIэгъуэн дыдэ зыщI Iуэхугъуэщ ар 1973 гъэм, илъэс плыщIрэ хым иту, мусльымэн диным кьызэрихьар. Ардыдэр ищIащ Черинэм теухуауэ 1975 гъэм тхылъ кьыдэзыгъэкIа франджы тхакIуэ Гароди Роже: «Мусльымэн сыхъури, си лъэхъэнэм илъэсищэкIэ сытежащ» зыхужиIэжырт и цIэр Джаруди Роджэкъ зыхъуэжа философым. Бежаррэ Гародирэ я тхылъэр зэгуэр адыгэбзэкIэ, е, нэгъуэщI мыхъуми, урысыбзэкIэ дунейм кьытехьэмэ, нэхъыфIыжу дагъэцIыхуну кьыщIэкIынщ а цIыху кьызэрымыкIуэ зыбжанэм, зи лъэхъэнэм Iэужь мыкIуэдыжьынкIэ кьыхэнахэм я гъащIэри я псэукIэри. Псалъэм кьыдэкIуэу жыIапхъэщ, Черинэр дз, адыгэхэм, кьызыхэкIа кьуэпскIэ кьызэзрытыщIам хуэдэ дыдэу, Бежар курдхэм зэрапыщIар. А франджы хореографращ япэ дыдэ цIыхухъу балетым гъэзнэщIж льэпахъуэхэр хэзыгъэкьар. Балетым нэхърэ диным нэхъ пэжыжьэ гъуэзджэ кьудами дэнэ кьипхынт? «Iэпкълъэпкъым и бзэмкIэ кьыпхуэмыIуэтэн гупсысэ щыIэкъым», - псалъэ шэрыуэхэр кьызэринэкIащ а хореографым.

Льэпэд фIыцIэхэм я хьэтыркIэ Черинэр зыхэхуа псалъэмакъым кьэдгъэззэжьнщи, цIыхухэр иджыри зэмыса щIэ куэдыIуэ цIыхум кьрахьами, Дали и щхьэгъусэм и цIэр зезыхьэ «Гала» балетыр къэфакIуэ гуащIафIэм и пщIэр нэхъ лъагэжу зыIэта кьэхъукъащIэ хъуащ. Сурэтхэм кьыхэнащ Дали ар зэрихуэпа бэлъто кIыхьхэмрэ пыIэ хьэлэмэтхэмрэ, икIэм- икIэжым и нэщщпхъуэр зэтридзрэ и лъэпэд фIыцIэхэмкIэ кьацIыхужу.

«Теруэл щыщ фIыуэ зэрылъагъуэхэр»

1948 гъэм кьыдэкIа «Вакъэ плъыжь цIыкIухэр» Черинэ Людмилэ киноактрисэу зыхэта кино пщыкIутхум ящыщу япэрейт. Инджылызым щагъэува а фильмым щыхьихьэм инджылызыбзэм нэхъ хуэшэрыуэ хъуну хуейуэ жиIэрт Людмилэ, имыгъэунэхуа гъуэзджэ кьудамэми хэтыныр и щIэщыгъуэт. «Вакъэ плъыжь цIыкIухэм» кьакIэлъыкIуащ «Гофман и таурыхъэр», «Спартак» телъыджэр, псом хуэмыдэу езым и пэсэм пэгъунэгъу «Теруэл щыщ фIыуэ зэрылъагъуэхэр».

Ар кьыщыхьуар XIII лIэщIыгъуэрщ. Исабелрэ Хуан Диегэрэ насыпыфIэ щызэдзэхъун махуэр кьахуэмыгъэсу щIалэгъуэмрэ абы хуэщ гугъэ Iэфlхэмрэ зэIэпахыу щыпсэурт кьыщалъхуа кьалэм. Хъыджэбзым и адэ-анэм былымкIэ ядэмыхьу щIалэм илъэситху пIалъэ кьыхуагъэув, хамэ кьэрал кIуэуэ, щхьэгъусэ хэхъунур зэригъэпсэуфми мылъку кьиуГуеину. Хуан Диегэ и псалъэр зигъэпэжат, ауэ зы махуэкIэ кьыкIэрыхуащ. Нобэ хуэдэм кьэсыжа щIалэм и къэшэныр дыгъуасэ хуэдэм ЛIы иратауэ кьыщIэкIым, Хуан Диегэ и гур зэгуэудаш. Ар зи нэгу щIэкIа Исабели дунейм екIжащ. Пэжи пщIыи, ауэ Испанием дэт «ФIыуэ зэрылъагъуэхэм я мавзолейм» а тIум я кхъэлъахэр нобэми щIэту яIуатэ.

Черинэ Людмилэ:

«Теруэл щыщ фIыуэ зэрылъагъуэр» си илъэс тIощI гъащIэ гъэгъущ, араш си Iэщ1агъэм и лъагапIэр. Илъэс тIощIкIэ кьесхьэкIыу дунейм кьытехьа сабийм хуэдэщ ар си дежкIэ. Фильмыр лъагъуныгъэм теухуащ, абы елэжьа гуп телъыджэри а гурыщIэр зи гум щыз защIэхэт».

И чэзу кьэса кьыщIэкIынщ Людмилэ и гъащIэр лъэныкъуэ щхьэхуэкIэ зыунэтIа щхьэусыгъуэм и гугъу тщIыну. Балетым и тхыдэм гухэщIу кьыхэнащ Людмилэ илъэс пщыкIубгъум иту щхьэгъусэ хуэхъуа и балет къэфэгъу Одран Эдмон дигъэщIа насыпэ кIэщIыр. Илъэсибл фIэкIа зэдэмыпсэуауэ Одраныр машинэм иукIащ. Зи дуней гъащIэр зэтекъута фызабэ щIалэр илъэситкIэ утыку кьихьакъым. А лъахъэнэращ Черинэм сурэтыщI Iэщ1агъэм зыщритар, зэрацуэтэжьымкIи, и сурэт псори и щхьэгъусэм теухуа гукъэкIыжт.

Ансален Жан-Клод:

«Людмилэ куэдым емыщхь, гъуэзджэм и къудамэ гуэрым дихьэх, цIыху кьызэрымыкIуэ, псэльэгъу гъащIэгъунэхэрт игу дыхьэр. Си гугъэмкIэ, апхуэдэ щыкIэкIэ абы иригъэкьужырт щIэныгъэ нэхъыщхьэ зримыгъэгъуэтыфар. Ауэ балетым абы кьыщыпеуэфын яхэттэкъым. ЦIыху куэд, куэд дыдэ кьыщIефрыгъуэри арат. Ауэ и закъуэнри абы кьыхэкIырт. Людмилэ игу хигъахъуэрт мывэ Iущынми сурэт щынми. «Утыку сыщихьэкIэ куэдым седэIуэн хуей мэхъу, - жиIэрт абы. Си Iэкlэ зыгуэр щысщIкIэ, Iэм Iащ1эльыр сызэрыхуейуэ дэнэкIи сошэ, сигу илъри нэхъ хуиту къызэIуатэ».

Кино куэдым хэтащ Людмилэ, балет къафэхэм хуэдэу. Абы и екъулIэныгъэ псори кьыпхуебжэкIынукъым, ауэ «Жизель» балетым и гугъу щIыпхъэщ. Зззэмызэххэт ар кьытригъэззэжу кьыщигъэлъагъуэр. И щхьэусыгъуэр - егъэлеяуэ игу зэрыхигъэщIырт, и щхьэгъусэ Одран Эдмон и гъусэу игъэзащIэу щытати. «Жизель»-м и закъуэщ сэри а тIур зэгъусэу кьафэу щыслъэгъуар.

И лIыр дунейм ехьжа нэужь, Людмилэ гухэщIышхуэм иубыдауэ щытащ, къэфэн щигъэтыжыпауэ. ЩIэрыщIэу балетым кьыхьыхьэжыну тезыгъэгушуар и етIуанэ щхьэгъусэ Раймонд Руащ. Милан къалэм дэт «Ла Скала» хьэщIэщым и утыкум иту Черинэр Совет Союзым и лIыкIуэ Виноградовым кьилъэгъуащ. АфIэкIа хэмылъ лIыкIуэм балеринэр иригъэблэгъащ Театрышхуэм кьыщыфэну. Черинэ Людмилэщ япэ дыдэу Совет Союзым хамэ къэрал артисткъу щыIэжьар. Абы урыс къэфакIуэхэм я гъусэу «Жизель»-р щигъэззэщIауэ щытащ».

«Вакъэ плъыжь цIыкIухэр»

ИДЖЫ - «Вакъэ плъыжь цIыкIухэр». Зи гугъу тщIынур Черинэм фIы дыдэу кьехъулIа инджылыз фильмым щигъэззэщIа ролыракъым, ар зытращIыкIыжа таурыхъ цIэрыIуэрщ, Андерсен Христиан и Iэдакъэщ1экIырщ. Балетым хэзыщIыкIым, гъуэзджэр зи Iэщ1агъэм Черинэ и екъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу кьилытэнур, дауи, абы и къэфакIуэ Iэзагъэрщ. Ауэ ар «балеринэ гуащIафIэт» жыпIэмэ, зыри жумыIа пэлъытэщ. Черинэр балетым нэмыщI мывэщI Iэщ1агъэми, сурэт щынми, тхэнми хуэIэзэу зэрыщытаракъым абы и щхьэусыгъуэри. Людмилэ ищIэ псори зы мыхьэнэ куу гуэрым епхат, къыдэпсэуахэм ящыщу кьызыгурыIуэр мащIэ дыдэу.

(КIэлъыкIуэр 4-нэ нап.).

Гъащ1эр ажалым пэлъэщыркъым

Черинэ Людмилэ. *1995 гъэ*

(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 3-нэ нап.).

«Гъуазджэм зи псэ етам и Iэдакъэщ1эк1 псори Тхъэм хуэпэбгъэным къыхок1», - жи1эрт Черинэм. А гупсысэр и пъабжьэу пхужы1энущ дуней псом хэ1уц1ыпу щ1ыхъэ Людмилэ и гъэжа мывэ фэепльхэр. Абыхэм я зыр - «Европэм и гур» - езым и къэащхьэм трагъэувэжащ. Ауэ а бзылъхугъэм и купщ1э щ1эхъумар на1уэ къ ззыщ1ыр сыт жыпI эмэ, ар абы «Сан-рок» члисэм тыгъэ хуищ1а суэрэтыщ. Л1ыгъугъуафI эр, губзыгъэ, ц1эрыI уэт, хьэл пыухык1а и1эт, ц1ыху хэтык1э ищ1эрт - нэгъуэщ1 кьинэмыщ1э кудэ к1ыпхудыщ1ыгъунущ, Черинэр л1эщ1ыгъуэ бжьыгъэк1э гъкьинэж ищ1у. «Зи закъуэу е1а» - аращ Черинэм и гупсысэ л1ыгэр зрипха суэрэтым фI ищ1ар. Дали Сальвадор сыхьэтэкIэр жабзэу и1эщ суэрэт гъэщ1эгъуэн гуэр, зэманыр зэрыщ1ымы1эр уи фI эщ ищ1ыпэу. Абы е1ц1ыху, Черинэм Хьисэ-бегъэмбарым теуухуа гупсысэ утыку кьрехьэ, пльагъум нэхъ р зэрыплъагъун хуейр нэхъыщ1ыхь. Суэрэтым и ц1эм ар абы и псэм зэрыпэгъунэгъур на1уэ ещ1, ар зыщ1ам бгъэдэлъа фI эщ1ыхь ныгъэм и куугъэр хуэмыгъэпщ1кIуу. «Людмилэ и фI эщ дыдэу диным бгъэдэт католик чристэнт», - игу къеГэк1ыж абы илъэс куэдк1э и ныбжьэгъуу щ1ыта журналист Де Мазенэ Софи.

Тьери де Лепин, Черинэ Людмилэ щ1ыщ1алъхьа «Сан-рок» члисэм и лэжьак1уэ:

- Людмилэ жи1эрт кьафэм зэритхьэкъур Тхьэ I эщ1агъэу и1ыпт эу зэрыщ1ытар, и I эщ1агъэми апхуэдэ гурыщ1э хэ1этык1ахэмк1э бгъэдэтт. Фэщ1ъуныгъэр абы и къэфак1эм и лъабжьэ щ1эльт. Ди члисэм фI эльщ абы и зы суэрэт: «Зи закъуэу е1а», ц1ыху гъащ1эм дахагъэу хэльым и пшынальэу пхужы1эн фэепльщ.

Игнатов Виктор, «Европейская афиша» журналым и редактор нэхъыщхь:

- Гъуэ3шхуэт ар Франджы къэралым и дежк1э. Илъэс 80 щрик1унум куэд къэмынэжауэ хъыбар къэI уац Черинэр дунейм екьжауэ, Монмартр бгым, «Пер-Лашез» къъэм щ1ыщ1алъхьэну. И бэныр «Сан-рок» члисэм щ1эташ. Абы хуэзанщ1эу блыным фI элът эсым и суэрэт «Зи закъуэу е1а» зыфI ищар. Суэрэт къудейтэкъым ар...»

Псоми к1э я1эщ

–Дунейм екьыным махуэ зыбжанэ и1эжу Людмилэ къыжьэдэк1ат, - жел эж Де Мазенэ Софи: «Псори щ1охьуэпс гъащ1эр ажалым тек1уэну, ауэ апхуэдэу зэи къэхъуркъым. Гъащ1э къэс к1э и1эщ».

«Еуэри л1ыгъугъуафI эрэ фо ц1ыкIуу зы хьэджэбзыфI псэурт...», - къыщ1едзэ Андерсен и таурыхъыр. Зеинш1эу къэна Карен ц1ыкIур бзылъхугъэ хуэдизт гуэрым и1ыжьыну зрешэл1эж. Ц1ыхухэм защидзэин хуэдизу тхьэмыщк1эу щ1ыта пщащэм и гур нэхъ къыз эрыгъуэтыжыхьу, утыкум щагъэфI эным нэхъ щ1эхъуэпс хъурт, кьафэм зэрятхьэкъуам ар на1уэ дыдэ и щ1у. Ц1ыхухэм закъыхэгъэщыныр, дахагъэр я нэм щ1э1ынур Карен апхуэдизк1э хьэл хуэхъуатэ, и ныбжьыр нэсу я п1э дыдэ хлисэм щ1ашэм, вакъэ пльжьк1э я фI эк1уац. «Члисэм щ1эт макъамэ хэ1эты-к1амрэ сабий гу кьабзэхэм я зэчырымрэ ихьуэреягьыр эщ1ащтат, я унафэщ1 дадэри абы-хэм къадежьурт, ауэ Карен и щ1ьэм и1ыр и вакъэ п1ыжьк1ыт1рат», - етх гуц1эгъ1ыншэу Андерсен. Дахащ1эу зыкъэзыщ1ыхьэ хьэджэбзым фI эщхъуныгъэр игу йоху, ц1эрыI уэ мэхъу, и щхьэр фIокIуэд... И гъащ1э псор пщ1ынш1эу зэрригъэк1уар къызыгурыI эжу щ1егъэжа хьэджэбзыр щхьэпэупщ1ым зэгуэрым йо-лэу: «Си л1ьакъуэхэр схупыупщ1». Къызэрик1ыхьи л1ьакъуэ зимы1эж пщащэм къыхухэнэжа гъащ1эр члисэм къыIуI эзчырхэр щ1ызэхих унэм щ1эсу ехь, и фI ыр тек1уэрин, и гъащ1эр жэнэт уэрэдыпкъыр щ1эту ех.

Ц1ыху къэс вакъэ пльжьк1э зырыз и1эжщ, и чэзыр къэсмэ, щимыыжьк1э Iэмал имы1эу. Уеблэмэ езы гъащ1эри апхуэдэ вакъэ пльжьк1э гуэру къыщ1эк1ынк1э хъунущ, уи л1ьакъуэр къикъузми, трихми, фэнш1эхъуми, зэрыI эфIыр, зэрыдахэр сыт щ1агъуи тек1уэу. Ауэ гува-щ1эхами л1ьапI эу уку ы ззрынэнур къэпщ1эжу, Карен и ц1ыкIу ещхьу, укъыкIэрымыкIу щ1ыкIэ ущ1егъэжынри насыпщ:

«Дыгъэм и бзий нэхуэр захуабзэу Карен и нэгум къридзэрт. Апхуэдизэ нэхурп, дунейри, гуфIэгъуэри зэрымыхэж абы и гур апхуэдизк1э щ1ызти, хуэмышэчу зэгуэчащ. Дыгъэ бзийжэм я гъусэу Карен и псэр Тхьэ л1ьапIэм и деж щ1ыльатэм, абы и вакъэ п1ыжьк1э щ1ыкIуэр зыми къриидзэкIыжакъым».

ЧЭРИМ Марианнэ.

«Атлантидэ» фильмым щ1ощ1эгу.

Щ1амрзэ Монизкэ къ1ох1уэхъу индж1ы1ыз пащтыхь Елизаветэ II.

● Спартакиадэ

Кубок нэхъыщхьэр - Аруан районым

«Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апI э» акционер обществэ зэIухар (нэхъапэм «Къэббалъкъгаз» ОАО) къыз эрызэрагъэпэщ1рэ жэпуэгъуэм и 15-м илъэс 55-рэ ирокъу. Абы ирихьэлIэу а IэнатIэм и дэжьак1уэхэм Щ1эрэдж районым щы1э «Къарэ-Суу» сабий лагерым и хэщ1апI эм спартакиадэ щ1агъэк1уэк1ащ. Мы гъэм акционер обществэ зэIухам и команда 12 спорт л1эужьыгъуэ ц1ык1э - волейболымк1э, мыязэрэ гранатэрэ дзынымк1э, к1апэк1э зэпекъунымк1э - зэпеуащ.

IуэхущIапIэм и пэщIэдзэ профсоюз организацэ зэгуэтымрэ «Къэббалъкънефтегазстройпрофсоюз»-м и лэжьак1уэхэм я рескомымрэ я унафэщ1 Золотарёв Валерэ зэрыжи1амк1э, мыпхуэдэ зэпеуэхэр илъэс къэс къызэрагъэпэщ, я командэ къыхъэхаэр щ1ыналъэ зэхъэзэхуэхэм жьыджэру хэтщ, увыпIэ хъарзынэхэри къыщ1ах. Къащ1тэмэ, мэжъауэгъуэ к1уам Къэрэшей-Шэрджэсым волейболымк1э щ1ызэхашауэ щ1ыта апхуэдэ зэпеуэхущ1ам ет1уанэ щ1ыхъуащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и газ хозяйствэм и тхыдэр 1959 гъэм къыщ1ожьэ. Абы л1андэрэ ди I энатIэр лъэ быдэк1э I эващ, зиуэзщ1 зэпыту, и зэфI эк1ымрэ и екъуI эныгъэхэмрэ хигъахъуэу къоГъуэгурыкIуэ. «Гъэсынпхъэ щ1ыхъуэ» зэджэ щ1ымузис газым республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуищ1 хэ1ъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящ1ыщ а гъэсынпхъэмк1э нэхъыфI дыдэу к1ыззэгъэпэщ1ына1ъхьэщ1. Ар и фIыгъэщ1 республикэм и унафэщ1хэр мы Iуэхуэм тк1ийуэ зэрык1эхъыплъым, газ хозяйствэм и I эщIагъэлIэр проектыщ1эхэм зэрытегушхуэм, ц1ыху 1800-м щ1игъу гупышхуэр зэрызэхъуэтым. Иджырей спартакиадэр ди I энатIэр илъэс 55-рэ зэрырикъум теуухащ, зэуIуу, гукъинэжу зэрек1уэк1ынум щэч кьытетхьэркъым. Аращи, дызэхуэзэрэзыуэ зэпеуэхэм щ1ыдодзэри, нэгъабэ текIуа командэхэм я капитанхэм «Газпром-газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апI э» акционер обществэ зэIухам и ныпыр фIэт! - жи1эри, Золотарёв Валерэ спартакиадэр къыз эIуихащ.

Зэрафызыхуэм тету, абы командэ 12 хэтащ, спортсмен 250-рэ спорт л1эужьыгъуэм щ1ызэпеуащ.

Щ1эдзагъуэ нэужь хъуху ек1уэк1а зэхъэзэхуэхэм акционер обществэ зэIухам и Аруан районым щ1ыдамэм бжьыпэр щиубыдащ. Спартакиадэм и кубок нэхъыщхьэр абы ихьэхуащ. Щ1эджэм, Бахъсэн куейхэм я л1ыкIуэхэм ет1уанэ, ещанэ увыпIэхэм я кубокхэр зэдагуэшащ. Аруан зэпеуэхэм къыхэжаныкIахэр фэеплъ тыгъэрэ саугъэтк1э я гъэгугушхуащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гуп нэхъыщхьэм щек1уэк1 зэхьэзэхуэр иухыным джэгуг ъуищ къэнэжауэ аращ. Ямэ увыпIищыр къэзыхьыныумрэ ет1анэгъэ зэпеуэм хэмытыжы-нухэмрэ иджыпстуи зэхэк1ащ, ауэ дыщэр зылъыс-ынур зэк1э на1уэкъым.

ЧЕМПИОНЫГЪЭМ щ1эбэн «Кэнжэмрэ» «Автозапчасть»-мрэ зым адрейм псэхугъуэ иритырыкъым. Абы щыгъуэми иджыпстук1э очкоитк1э я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ящхьщ1ыкIа кэнжэдэхэм бжьыпэр яутIыпщыну фI эщ1ыгъ1уейщ. Арщхьк1э топджэгум сытри къыщ1ыхуфынущ и к1и адэк1э Iуэхур зэрек1уэк1ынк1э тфI эхьэлэмэту дык1эльыпл1ыынщ.

Ещанэ увыпIэр «Къэхъуным» Iэрыщхьэну къыщ1эк1ынщ. Зэпеуэм и гъащхьауэ нэхъыфI Шащ1э Беслъэн хэмытыжми, абы джэгук1э тельыджэ кьегъэльаГъуэ и к1и и хьэрхуэрэгъуэм фIыуэ ящхьщ1ыкIащ.

Гуп нэхъыщхьэм зэрыхэк1ынур пасэу на1уэ къуа «Анзорейм»э «Прохладнэмрэ» ещанэу гъусэ яхуэхъуну пэгъунэгъу дыдэщ бжьыгъэшхуэк1э аргуэру къыхах ъэщ1а «Шэджэм-2»-р.

Адэк1э щыгъуазэ фыхуэтщ1ынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и чемпионатым хэт командэхэм иужьу ирагъэк1уэк1а зэ1ущ1эхэм къарик1уа бжьыгъэхэм: «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм Ет1уанэ) - **4:0**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Анзорей**» (Анзорей) - **3:0** (зэрымык1уам къыхэк1ыу), «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Iэдиихуэ**» (Iэдиихуэ) - **3:4**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Лого-ВАЗ**» (Бабугент) - **4:3**, «**Къэбэрдей**» (Щ1эрэдж Ищхьэрэ) - «**Бедик**» (Аршыдан) - **2:3**, «**Союз**» (Налшык) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **2:2**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Шагъдий**» (Зеик1уэ) - **3:0**, «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **0:3**, «**Къэхъун**» - «**Тэрч**» - **2:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщ1ек1уэк1ыр

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Кэнжэ»	29	26	1	2	100-26	79
2. «Автозапчасть»	29	25	2	2	114-35	77
3. «Къэхъун»	29	20	1	8	115-52	61
4. «Тэрч»	27	16	3	8	69-49	51
5. «Союз»	27	15	2	10	95-62	47
6. «Велес»	27	14	4	9	57-59	46
7. «Нарт»	28	12	6	10	83-69	42
8. «ЛогоВАЗ»	29	13	2	14	61-63	41
9. «Бедик»	29	12	3	14	75-86	39
10. «Спартак-Д»	29	11	3	15	68-63	36
11. «Къэбэрдей-ЗЭТ»	29	10	4	15	57-63	34
12. «Бахъсэн»	29	5	7	17	60-75	31
13. «Iэдиихуэ»	28	9	3	16	55-98	30
14. «Шагъдий»	29	8	6	15	46-62	30
15. «Шэджэм-2»	28	6	5	17	44-98	23
16. «Прохладнэ»	28	5	3	20	47-121	18
17. «Анзорей»	29	4	1	24	41-106	13

● Футбол

Зыкъом зэхэк1ащ, ауэ дыщэр зылъысынур иджыри на1уэкъым

Балъкъэрым футболымк1э и чемпионатым хэт командэхэм иужьу ирагъэк1уэк1а зэ1ущ1эхэм къарик1уа бжьыгъэхэм: «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм Ет1уанэ) - **4:0**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Анзорей**» (Анзорей) - **3:0** (зэрымык1уам къыхэк1ыу), «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Iэдиихуэ**» (Iэдиихуэ) - **3:4**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Лого-ВАЗ**» (Бабугент) - **4:3**, «**Къэбэрдей**» (Щ1эрэдж Ищхьэрэ) - «**Бедик**» (Аршыдан) - **2:3**, «**Союз**» (Налшык) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **2:2**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Шагъдий**» (Зеик1уэ) - **3:0**, «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **0:3**, «**Къэхъун**» - «**Тэрч**» - **2:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Баскетбол

Анапэ къыздраш

Щ1алэ щ1ыкIуэр Урысей Кубокым щыщ1абзэна баскетбол щ1ыкIымк1э зэхьэзэхуэ Анапэ щек1уэк1ащ.

АБЫ екъуI эныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ Налшык къалэ округым Физкультурэмк1э, спортымрэ щIалэгъуалэ I уэхуэхэмк1э и управленэм и сабий-ныбжьыщ1э спорт школ №2-м и тренер нэхъыжьеГъэжак1уэ Къумыкъу Риммэ и гъэсэнхэм.

Черкесск къалэм и командэм хэту я п1э увыпIэхэр зыI эрагъэхьэри, Налшык къалэ дэт курыт еджап1э №9-м и школак1уэ Бекхмен Хъэрунэ гимназие №29-м и еджак1уэ Бэджыдэ Темырланрэ Урысей Кубокыр къалъыщ1.

УЭРДОКЪУЭ Аз3мэт.

● Атлетикэ хьэлъэ

ЗэфIэкIыфI ягъэлъагъуэ

Владимир къалэм щек1уэк1ащ атлетикэ хьэлъэмк1э урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы зи зэфI эк1 щызыгъэлъэгъуа ди спортсменхэм медали 4 къахьащ.

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 62-рэ хъуэхэм я деж Саломатов Виктор зэфIэк1 хъарзынэ щ1ащ, спортым и мастер Лефлер Артём (кг 85-рэ) ещанэ увыпIэмрэ жэз медалымрэ къихьащ, Осетие Ищхьэрэ-Аланием и спортсмен Кайтуковэ Аллэ килограммии 2 къудейк1э фIэк1а къык1эрымыуа Стародубцевэ Еленэ (кг 58-рэ) ет1уанэ увыпIэм к1уащ, дыжьын медали къихьащ. Килограмм 75-рэ зи хьэлъагъэм я деж бжьыпэр щызубыда Макаровэ Галинэ дыщэ медалыр къратащ. Абы игъэзэщ1ащ спортымк1э дунейпсо классым и мастерым и мардэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр зыгъэхьэзыра Щэкэм Михаил щыгъуазэ дыззрищ1амк1э, я п1э увыпIэр зубыда Макаровэ Галинэ жэпуэгъуэ мазэм Сочэ щызэхуэхьэсыну спортсмен нэхъыфIхэм хагъэхьащ. Аха3 хуагъэхьэзырынущ щ1ыкIуэгъуэ мазэм Кипрым щызэхэтыну Европэм и щ1алэгъуалэ зэпеуэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хэк1ыпIэ

Хьэ ек1уэл1апI эншэхэм папщ1э

«Налшык и зоопарк» муниципальнэ I энатIэм къыщызэIуахащ хьэ ек1уэл1апI эншэхэр п1ал ъэк1э щ1ыгъэныгъ хэщ1апI э. Ар зоопаркым ис псэущхьэхэр зэрызыщ1э воль ерхэм я зы лъэныкъуэк1э щхьэхуэу щытщ и ик1и дэтхэнэ зыми мыбы къишэ хъунущ игу щ1эныкъуэ псэущхьэхэр.

«КЪЭТЩТ1Н и пэ абыхэм ди ветеринархэр еплъынущ, сымаджэ яхэтмэ, е1эзэнущ. Хьэ къэс увыIэп1э щхьэхуэ я1энущ. Абыхэм як1ъыпл1ыну, зыхуэят хуагъэзэну лэжьак1уитI хуэхтащ», - жел э зоопаркым и унафэщ1 Iэрэмысэ Аслъэнбий. Зоопаркым къищтэнур хьэ ек1уэл1апI эншэхэм я закъуэщ. Мыдрейуэ зи унэхьэ абы езытыну хуей къык1ыуэк1мэ, Iахьнык1ым. Апхуэдэхэм зызыхуагъэзэнур МЧС-рщ.

Унафэщ1ым къызэрыхигъэщ1амк1э, ди къалэхэм куэд щ1ыхьэ хьэ хьэулейхэм увы1эп1э щхьэхуэ я1эн зэрыхуейр куэд щ1ауэ къагурыI эрт. Ауэ I уэхуэм иужь ихьэну I эмал щагъуэтар иджащ.

Зоопаркым къыдэк1уэу, илъэс куэд щ1ауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щезыгъаджэ Iэрэмысэ Аслъэнбий щыгъуазэщ хьэ хьэулейхэм узыфэ зэрыщ1ал1эу 40-м нэс зэбграхьыфыну зэрыщ1ытым. Зэрыгурыуэгъуэщ1, ар щ1ыхумк1э шынагъущ1. Псом нэхъэрэ нэхъыфIыр апхуэдэ хьэхэм егъэзэпIэ щхьэхуэ я1эныращ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● ФIыщ1э



Балъкъыз Валерэ

Ехъул1эныгъэ, насып, гуфI эгъуэ!

СЫМАДЖЭМ и узыр щхьэщ1ызыс, дунейм и IэфIыр зи гум къыщ1ызыгъэушыж, дзрэжгъуэ къезытыж медицинэм и лэжьак1уэхэм пщ1э яхуэфащэщ. ДызыгъэпIейтейм теуухуэу сэбэп хэт къытхуэхъуфынуяжыгI эу дыхэпльэрт. Аруан районым сымаджэщым и хирургие къудамэм и хирург Балъкъыз Валерэ псалъэ гуапэ хужа1эу, и ц1э фIык1ъ къра1уэу къэдрэ зэхэтхати, абы и деж дыкIуэмэ, ди узынш1агъэр абы дэ1ых хуэтщ1мэ нэхъ к1ытщ1эу дытегушхуащ и к1и дыхущIегъуэжакъым. Дэ зэанэзэпхъуи ар сэбэп къызэрыт-хуэхъуар, Iащ1эм и лъапIэныгъэр нэхъри зэрызыхидигъащ1ар, гушхуэныгъэу къытхилъхьар пхуэмы-Iуэтэнщ.

Хирургие къудамэм и унафэщ1 Iэпщащэ Iуэрсэр хирург Балъкъыз Валерэрэ Iэзэгъашхуэ я1эльу операцэр зэфIахащ. Ди узынш1агъэр зэфIэзыгъэнуфащэ медицинэ лэжьак1уэ Iэк1уэльъак1уэхэм фIыщ1ашхуэ фхудощ1, Тхьэм фигъэпсэу!

Къызызыигъащ1ар а Iэщ1агъэрщ зыхуэк1э, и дэпкъыгъэгъу хуэныкъуэм зыщ1игъэхьэну сыт щ1агъуи хьэзыр, зыхэт гупым пщ1э щызыIэ, медицинэ лэжьак1уэ нэсщ Валерэ. Апхуэдэ пщ1эр абы къелэжь и Iуэхущ1апфэ, и ц1ыху хэтык1э дахэмк1э, и хьэл зэпIэзэрытагъэмк1э, дэпльагъу хабзэмрэ нэмысымк1э, нэхъыщхьэжращ, фIыуэ илъагъу и Iэщ1агъэм зэрыхуэIэзэмк1э.

Щэджэм Етl уанэ хуажаем хуащ1ылъхуа, Нарткъалэ псэуп1э, лэжьап1э зыхуэхъуа Балъкъыз Валерэ Хьэмидбий и къуэр и унагъуэкIи дахэщ. И щхьэгъусэмрэ абырэ сабиищ зэдап1.

Ди гум, ди псэм къыдыхьа Валерэ, лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ - ц1ыху гъащ1эмрэ узынш1агъэмрэ - ухуолажэри, жэуапIныгъэшхуэ зыпльэ уи Iащ1агъэм, уи зэфIэк1ым нэхъри хэбгъэхуэну дынохъуэхъу. Уи гур зэIухаРэ уи псэр кьабзэу ду-нейм утетщи, нэхъри зыбгузэщ1ыну, узыпэрыт Iэнатl эм и хъер пльагъуну, уи щхьэгъусэр къыпкъуэту уи сабийхэм я насыпым ригурушхуэу, уузынш1эу гъащ1эм гу щ1ыпхуэну ди гуапащи, сэбэп узыхуэхъуахэм я фIыщ1эм щ1ыгъуэ, уи гъэгугушэр кIыхь хъуну Тхьэм жи1э!

Къамбийхэ, Бейхэ я унагъуэхэр.

Къармэхьэлэ къуажэ

Законым щыгъэбелджылащ

● КъБР-м и прокуратурэм

Урысей Федерацэм и пщалъэ-правовой актхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щалъэ-правовой актхэмрэ къызэрыщыгъэлъэгъуэм хуэдэу, унагъуэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр зыхуэмыкIуэ, сабий зи1э щ1ыхуэхэм пособие л1эужьыгъуэ псори яхуэхъунымк1э теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр «Унагъуэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр хъумэным и Iуэхуэк1э» 1996 гъэм зыщ1ыхьэуIуи и 17-м кьащта КъБР-м и Закон №21-РЗ-м я лэжьыжьхэр к1уам и 24-м дыщIагъужьажэм щыгъэбелджылащ.

Зи гугъу тщIы Законым и 16-нэ статьям и пкъ ит к1э, унагъуэм папщIэ мыпхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щагъэуващ:

1) и л1ъэсрэ ныкъуэм къыщыщIэдзауэ и л1ъэсищым нэс зи ныбжь сабиим к1эл1ъэплъу зыгъэпсэхуакIуэ щы1эм мазэ къэс ират ахъшэр;

2) мазэ къэс сабиим хуэхъ ахъшэр;

3) и л1ъэсрэ ныкъуэм къыщыщIэдзауэ и л1ъэсищым нэс зи ныбжь сабиим к1эл1ъэплъ мылажьэ (емыдж эк) адэ-анэм мазэ къэс ират ахъшэр;

4) сабий ныкъуэдыкъуэм зэрыкIэл1ъэплъым мазэ къэс хуэхъ ахъшэр (адэк1э - сабий ныкъуэдыкъуэм зэрыщ1эльыплъым папщIэ пособие);

5) сабий къызыхэхъуэм зэ етыгъуэу хуэхъ ахъшэр;

6) и п1ъэжьну сабий къэзыщтэм зэ етыгъуэу хуэхъ ахъшэр;

7) сабиидэ е нэхъыбэ зэуэ зыгъуэт анэм зэ етыгъуэу хуэхъ ахъшэр;

8) унагъуэ хуэмыщIахэм социальнэ зэрызыщIагъакъуэр.

Зи гугъу тщIы Законым и 24-нэ статьям и пкъ ит к1э, сабиим к1эл1ъэплъ, мылажьэ (емыдж эк) сабиим к1эл1ъэплъ адэ-анэу, сабий ныкъуэдыкъуэм зезыхьэу зыгъэпсэхуакIуэ щы1эхэм хуэхъ ахъшэр я лэжьапIэм, я къулыкъущIапIэм, я еджапIэм, зыныкъуэхэм Iыхуэхэм социальнэу къащхьэщ1ыж Iуэхущ1апI эхэм къащ1ыр.

Пособиехэр зэрыхуэхъ, зэрат щIыкIэр «Сабий зи1э щ1ыхуэхэм къэрал пособиехэр зэрыхуагъэувымрэ зэрыратымрэ и Iуэхуэк1э» 2008 гъэм мэлыжьыхым и 8-м КъБР-м и Правительствэм къыдигъэк1а Унафэ №63-ПП-мк1э щащтащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апI э.

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гуманитар къхутэныгъэхэмк1э и институтым и унафэщ1хэмрэ и лэжьак1уэхэмрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и коллективым гущ1ыхьэ я щыхьэщ1ащ институтым адыгэбзэмк1э и щIэныгъэ лэжьак1уэ нэхъыжь, филологием и доктор **Батокъуэ Нииз Мухьэдин и къуэр** дунейм зэрехьжар.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къэк1эмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1эхьщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ л1эпкъ Iуэхуэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я адэлэжьэныгъэмк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемк1э - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; суэрэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зыгъак1уэ ящ1ыр. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльык1эр зэтеуэу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1ыныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущ1эуэ и 14-м Печатым и хунтыныгъэр зэхуэхьэсыгъ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щ1эту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыт радзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэк1 Соня, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Аз3мэт** *(1, 2-нэ нап.). Компьютерк1э газетым и тепльэр ящ1ащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатl эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.626 ● Заказ №1970